O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI' JOQARI' HA'M WORTA ARNAWLI' BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG'I' QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI' FAKULTETI

Fakultet dekani':

__________ doc.Q.Turdi'baev

«_____» _____________ 2014 j.

5220100-filologiya (qaraqalpaq filologiyasi') bag'dari'ni'n' 4-kurs studenti Qurbanbaeva Gulziyrani'n' «A.Muwsaevt'n' do'retiwshiliginin' izertleniwi» temasi'ndag'i'

**PITKERIW QA`NIGELIK JUMI'SI'**

Jaqlawg`a ruxsat berildi
Kafedra basli'g`i:' doc. J.Nizamatdinov
___________________

Ilimiy basshi:'
f.i.k.,doc. P.Allambergenova
_______________

«_____» _______________ 2014 j.

**No`kis – 2014**

**Ma`mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n`**
**QARARI' :**

5220100-filologiya (qaraqalpaq filologiyasi') bag'dari'n pitkeriwshi Qurbanbaeva Gulziyrani'n' «A.Muwsaevt'n' do'retiwshiliginin' izertleniwi» atamasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na

"_______________" bahasi' qoyi'lsi'n

**MAK basli'g`i' :** ___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

**MAK ag`zalari':** ___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli') (f.i.sh)

**MAZMUNI’**

**I.Kirisiw……………………………………………………………………..……3**

**II. 1 bap. N.Japaqov –A.Muwsaev do’retiwshiligin izertlewshi…………………7**

II.1. A.Muwsaevti’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi, da’slepki qosi’qlari’ haqqi’nda………………………………………………………………….………7

II.2. Shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ ideya-tematikasi’, janri’, ko’rkemligi haqqi’nda…………………………………………………………………..……16

**III. 2 bap. A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stilinin’ wo’zgeshelikleri…………...….28**

*III.1. A.Muwsaevti’n’ a’debiy wortali’g’i’ haqqi’nda…………………………...……..28*

*III.2. Shayi’rdi’n’ stillik wo’zgesheligi ma’selesi……………………………………..41*

**IV. Juwmaq…………………………………………………………………..49**

**V. Paydalani’lg’an a’debiyatlar……………………………………………….52**

# K İ R İ S İ W

XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’nda ha’r ta’repleme qa’lem terbetken ko’rkem so’z sheberlerinin’ biri – A.Muwsaev. Woni’n’ teren’ mazmunli’, kewilge qoni’mli’ joqari’ ko’rkemlikke iye qosi’qlari’ xali’q arasi’na ken’nen tarali’p ruwxi’y du’nyasi’na ilham bag’i’shlag’an a’debiy miyraslardi’n’ biri boli’p yesaplanadi’.

«Ayapbergen Muwsaev – ataqli’ xali’q shayi’ri’. XX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ baslawshi’lari’ni’n’ biri. A.Muwsaev 1880-ji’li’ Moynaq rayoni’ndag’i’ Sorko’l awi’li’nda tuwi’lg’an. Xali’q shayi’ri’ 1921-ji’ldan baslap jan’a hu’kimet ta’repinde isledi. Sorko’l volosti’ni’n’ xatkeri (1925-27) boldi’, mayda xojali’qlardi’ artelge birlestiriwde ayri’qsha ko’zge tu’skenlerdin’ biri boldi’. Xali’q shayi’ri’ belgili qi’ssaxanlardi’n’ biri yedi, wol ko’plegen da’stanlardi’ yadqa bildi, shi’g’i’s klassik shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ko’pshilikke jetkeriwde ayri’qsha wori’n tutti’. Yeki tu’rli zamandi’ ko’rgen shayi’rdi’n’ wo’zinin’ shi’g’armalari’ da ko’pshilikke ken’nen ma’lim boldi’, woni’n’ do’retpeleri sol waqi’tti’n’ ideyali’q talaplari’nan kelip shi’qti’ ha’m wolarg’a duri’s juwap berip woti’rdi’»[1] - dep si’patlag’ani’nday shayi’r shi’g’armalari’nda wo’z da’wirinin’ ruwxi’n joqari’ sezimleri menen sa’wlelendirgenin ko’remiz.

Sonli’qtan shayi’r shi’g’armalari’ yerterekte-aq basi’p shi’g’ari’ldi’. Mi’sali’, woni’n’ «Ko’lge qash» qosi’g’i’ 1930-ji’li’ qol jazba «Qi’zi’l mug’allim» jurnali’ni’n’ 1(№10) sani’nan wori’n aldi’. Usi’ waqi’tlardan baslap woni’n’ qosi’qlari’ baspa so’zde qaraqalpaq, rus tillerinde ja’riyalana basladi’. «Qosi’qlari’ni’n’ awi’zsha tarali’wi’n Jumamurat – zuwlabiy usag’an woni’n’ qosi’qlari’n jaqsi’ biletug’i’n ha’m yelge jaya bilgen adamlardi’n’ xi’zmeti

[1] Ахметов С., Есенов Ж. Қарақалпақстан Республикасының жазыўшылары. Билим баспасы, 1995 ж. 64-бет.

ayri’qsha bolg’an. Al, qol jazba tu’rinde tarali’wi’na kelgende shayi’r qosi’qlari’n xat tu’rinde jazg’an..»[1]

A.Muwsaev shi’g’armalari’n ji’ynaw 30-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’nda shi’ntlap qolg’a ali’na basladi’. Na’tiyjede shayi’r qosi’qlari’ gazeta, jurnallarda ha’m toplamlarda jiyi-jiyi basi’li’p shi’g’i’p turdi’, al 1941-56-ji’llari’ wo’z aldi’na ayi’ri’m toplam boli’p basi’li’p shi’qti’. Son’g’i’ 1954-55, a’sirese 1956-60-ji’llari’ shayi’rdi’n’ ko’p qosi’qlari’ wo’miri ha’m shayi’rshi’li’g’i’ jo’ninde biraz materiallar jazi’p ali’ndi’. «…shayi’r shi’g’armalari’n jazi’p ali’w ha’m baspag’a tayarlawda N.A.Baskaokv, T.Bekimbetov, X.Axmetov, T.Safiev, O.Kojurov, Q.Ayi’mbetov, N.Japaqov, M.Nurmuhammedov h.t.b. ko’p jumi’s isledi.»[2]

Ji’ynalg’an materiallar tiykari’nda 1960-ji’li’ Qaraqalpaq ma’mleket baspasi’nda woni’n’ toli’qti’ri’lg’an ha’m bir qansha tekstologiyali’q jumi’s ju’rgizilgen qosi’qlari’ni’n’ toplami’ shi’g’ari’ldi’.

Soni’n’ menen birgelikte shayi’r qosi’qlari’ ji’ynali’w ha’m basi’p shi’g’ari’li’w menen birge, woni’n’ do’retiwshiligi tuwrali’ ayi’ri’m pikirler ayti’la basladi’. Shayi’rdi’n’ a’debiy xi’zmeti jo’ninde sabaqli’qlarda uli’wma qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ belgili bir ma’selelerine baylani’sli’ maqalalar da so’z boldi’.

Bizin’ bul pitkeriw – qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ temasi’ da «A.Muwsaev do’retiwshiliginin’ izertleniwi» ma’selesine qarati’li’p tiykarg’i’ maqsetimiz shayi’r do’retiwshiligi boyi’nsha izertlengen miynetler, maqalalar ha’r ta’repleme sholi’w jasaw, wo’zgesheligin, a’hmiyetin ko’rsetiwden ibarat.

Shayi’r do’retiwshiligi tuwrali’ K.Sundeevtin’ «Qaraqalpaq ko’rkem a’debiyati’» [3]; Q.Ayi’mbetovti’n’ «Bunnan won jeti ji’l buri’n»[4] maqalasi’nda shayi’rdi’n’ sheshenlik uqi’bi’ talanti’ joqari’ bahalani’ladi’. T.Bekimbetovti’n’ maqalasi’nda[5] bolsa shayi’rdi’n’ wortali’g’i’, a’debiy ha’m ma’deniy bilim da’rejesi yen’ da’slepki ret so’z boladi’. Al, a’debiy ekspediciyalardi’n’

[1] Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Ташкент – 1968 – Самарканда, 43-б. (Коллектив)
[2] Ахметов С., Есенов Ж. Қарақалпақстан Республикасының жазыўшылары. Билим баспасы, 1995 ж. 64-бет.
[3] Журнал «Советское кроеведение», №1, 1936 г, стр 51.
[4] Қызыл Қарақалпақстан, 6.IX. 1946 ж.
[5] Әмиўдәрья журналы, 1961 ж. №8

materiallari’ tiykari’nda M.Nurmuxamedov, G.Yesemuratovlardi’n’ da birlikte ko’lemli maqalalari’ 1959-60-ji’llari’ jari’q ko’rdi.

S.Axmetovti’n’ makalasi’nda[1] shayi’r poeziyasi’ qaraqalpaq klassikali’q poeziyasi’ u’lgileri menen sali’sti’ri’li’p, shayi’rdi’n’ jeke wo’zgesheliklerin ashi’wg’a bag’darlang’an. Al, shayi’r do’retiwshiligi boyi’nsha arnawli’ kandidatli’q dissertaciya jaqlap, woni’n’ do’retiwshiligin ken’ planda ashqan ilimpaz N.Japaqov[2] boldi’. Sonday-aq, Q.Bayniyazovti’n’ miynetinde A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stiline ken’nen toqtap ilimiy talqi’lap beredi. Ja’ne de, shayi’r do’retiwshiliginin’ anaw yaki mi’naw ta’repi haqqi’nda N.Da’wqaraev, A.Karimov, Q.Maqsetov, A’.Nasrullaev ht.b. maqalalari’nda da so’z yetiledi. Sonli’qtan, biz jumi’sti’n’ tiykarg’i’ bo’limlerinde bul ma’selege arnawli’ toqtaymi’z..

Tiykari’nan pitkeriw - qa’nigelik jumi’si’mi’z temasi’ bu’gingi ku’nimiz ushi’n a’hmiyetli ma’selege bag’darlang’an. Sebebi, A.Muwsaev si’yaqli’ XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ yen’ da’slepki wa’killeri do’retiwshiligi bu’gingi g’a’rezsizlik da’wiri ushi’n da a’xmiyetli boli’p jan’asha tu’sindiriw, izertlewlerdi talap yetedi. Usi’ bag’darda jumi’si’mi’z quri’li’si’ kirisiw, juwmaqtan ti’sqari’ yeki bapqa aji’rati’ldi’. Birinshi bap N.Japaqov – A.Muwsaevti’n do’retiwshiligin izertlewshi, yekinshi bap, A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stilinin’ wo’zgeshelikleri, - dep ataladi’.

Sonday-aq pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda shayi’r do’retiwshiligi boyi’nsha son’g’i’ da’wirdegi gazeta-jurnallarda ja’riyalang’an maqalalarg’a da toqtap basshi’li’qqa ali’wg’a ha’reket yettik. Ma’selen M.Sultamuratovti’n’[3] maqalasi’nda shayi’rdi’n’ yele de baspa so’zde ja’riyalanbag’an qoljazba tu’rinde saqlang’an qosi’qlari’, «Qaraqalpaqta», «Biradarlar», «Ne payda», «Jigitsen’», «Ustazi’m» h.t.b. qosi’qlari’ haqqi’nda mag’li’wmat beriledi.

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ поэзиясы тарийхының очерклери. Нөкис, 1961-жыл, 157-58 бетлер.
[2] Жапақов Н. А.Муўсаевтың творчествосы. Нөкис, 1964 ж.
[3] Султамуратов М. А.Муўса улының жәрияланбаған қосықлары. «Еркин Қарақалпақстан», 20.09.2000 ж. №115

Na’tiyjede shayi’r do’retiwshiligi boyi’nsha izertlewler bu’gingi ku’nimizde de ha’r ta’repleme dawam yetip ati’rg’ani’n ko’remiz.

# I bap, N.Japaqov – A.Muwsaev do’retiwshiligin izertlewshi

## 1.1. A. Muwsaevti’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi, da’slepki qosi’qlari’ haqqi’nda

A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligi tuwrali’ 30-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’nan baslap sholi’w xarakterindegi maqalalarda geypara pikirler ayti’la basladi’. Ma’selen, Sundeevtin’ «Qaraqalpaq ko’rkem a’debiyati’» atli’ maqalasi’nda Ayapbergen Muwsaevti’n’ do’retiwshiligi joqari’ bahalanadi’. K.Sundeev shayi’rdi’n’ geypara qosi’qlari’na analiz jasaydi’, ja’ne woni’n’ jas qaraqalpaq jazi’wshi’lari’ ushi’n ustazli’q worni’n da atap ko’rsetedi.[1] Shayi’r shi’g’armalari’ mekteplerde, joqari’ woqi’w wori’nlari’nda u’yrenile basladi’.

A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligin ha’r ta’repleme izertlew jumi’slari’ son’g’i’ waqi’tlarda shi’ntlap qolg’a ali’ndi’. Qaraqalpaq a’debiyatshi’lari’ yekinshi jer ju’zlik uri’stan keyingi da’wirde shayi’r tuwrali’ ko’z-qaraslari’n, ilimiy baqlawlari’n, jan’a mag’li’wmatlardi’ baspa so’zde dag’azaladi’.

Soni’n’ menen birge A.Muwsaev do’retiwshiligi boyi’nsha arnawli’ izertlew jumi’si’n ali’p barg’an a’debiyatshi’ N.Japaqov boli’p yesaplanadi’. Wol wo’zinin A.Muwsaevti’n tvorchestvosi’»[2] (1964-ji’l) degen miynetinde avtor shayi’rdi’n’ do’retiwshiligin ken’ bag’darda izertlewdi wo’z aldi’na miynet yetip qoydi’.

İlimpaz A.Muwsaevti’n ko’plegen qosi’qlari’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik wo’zgeshelikleri haqqi’nda baqlawlar ju’rgizedi, shayi’rdi’n’ su’wretlew qurallari’n, tilin ha’m tag’i’ basqalardi’ analiz jasadi’.

Miynet tiykari’nan u’sh baptan ibarat boli’p, woni’n’ birinshi babi’, Ayapbergen Muwsaevti’n’ 1917-ji’llardan buri’ng’i’ shi’g’armalari’ haqqi’nda» dep ataladi’. Bul bapta negizinen shayi’rdi’n’ wo’miri tuwrali’ mag’li’wmatlar berilip, woni’n’ wo’zi jasag’an zamang’a ko’z-qarasi’ bildirilip 1917-ji’llardan buri’ng’i’ shi’g’armalari’na tallaw jasalg’an.

---

[1] Журнал «Советское кроеведение», №1, 1936 г, стр 51.
[2] Жапақов Н. А.Муўсаевтың творчествосы. Нөкис, 1964 ж.

Ayapbergen Muwsa uli’ 1880-ji’li’ ha’zirgi Moynaq rayoni’ni’n’ aymag’i’nda «Molla Pirim» degen jerge jaqi’n jerge «Ko’k Aral»da gedey shan’arag’i’nda tuwi’lg’an. Wo’sken jerleri sol Moynaq rayoni’ni’n’ aymag’i’ndag’i’ «Keshiw jap», «Qi’yat jap», «Ma’deli», «Shaqataydi’n’ sholani’», «Qartabay wo’zek», «Sor ko’l» ha’m «Ra’wshan» sovxozi’ni’n’ aymag’i’nda bolg’an.

Ayapbergennin’ a’kesi Muwsa, Muwsani’n’ a’kesi Ko’bey, Ko’beydin’ a’kesi Tilewbay, Tilewbaydi’n’ a’kesi Shag’i’rbay, bulardi’n’ ba’ri de atadan jekke bolg’an. Wortasha diyxan boli’p, diyxanshi’li’q penen shug’i’llang’an. Muwsani’n’ xat jazi’p, xat woqi’g’anday yeskishe sawati’ boli’p, sonli’qtan woni’ xali’q «Molla Muwsa» dep atag’an. Ka’sibi diyxanshi’li’q ha’m bali’qshi’li’q bolg’an.

Ayapbergennin’ milleti qaraqalpaq, qi’yat degen uri’wdi’n’ qarjawbaras degen tiyresi. Shayi’rdi’n’ a’kesi 1915-ji’li’ qayti’s boladi’.

Ayapbergen awi’lli’q yeski mektepte woqi’p sawati’n ashqan. Yen’ da’slep «Keshiw japti’n’» boyi’nda Yusup maqsi’m, son’ «Qi’yat japti’n’» boyi’nda Abdiraman molla degende woqi’ydi’ Xat jazi’p, xat woqi’ytug’i’n da’rejege jetken son’, u’lken medresege bari’p woqi’w ushi’n turmi’s jag’dayi’ ko’termey woqi’y almaydi’. Adamlar menen sherik boli’p diyxanshi’li’q yetiw menen shug’i’llanadi’. Sol da’wirde wol qi’ssa woqi’wdi’ ka’sip yetedi. Turmi’sti’n’ usi’nday awi’r qi’yi’nshi’li’qlari’n basi’nan keshirgen Ayapbergen 1936-ji’li’ 3-martta awi’ri’p qayti’s boladi’.

İlimpaz N.Japaqov revolyuciyag’a shekemgi qaraqalpaq xalqi’ni’n’ arzi’w-a’rmanlari’, u’mitleri qalay su’wretlenedi, wolardi’ shayi’r ko’rkem a’debiyatta qalay bere aldi’, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ bo’lim-bo’lim boli’p, xali’q awi’r turmi’sta jasap turg’an waqi’tta, ekonomikali’q jaqtan yen’ artta qalg’an yel jag’dayi’nda payda bolg’ani’n ha’m shi’g’armalarg’a bul jag’daylardi’n’ wo’zi ta’sir yetkenin ko’riwimizge boladi’.

Ha’r bir jazi’wshi’, ha’r bir shayi’r tek suli’w shi’g’arma jazg’ani’ ushi’n g’ana jazi’wshi’, shayi’r boli’p tani’lmay, al wo’zi xalqi’ ushi’n xi’zmet yetiw menen tani’ladi’. Soni’n’ ushi’n biz A.Muwsaev wo’z shi’g’armasi’ arqali’ xali’qqa xi’zmet yetken, xali’q ta’repinde boli’p xali’qli’q ideyalardi’ qalay ko’rsetti, mine usi’lardi’ ani’qlasaq, shayi’rdi’n’ kimge, qaysi’ xali’qqa xi’zmet yetkeni ma’lim boladi’.

İlimpaz M.Nurmuhammedov: «A.Muwsaev a’debiyati’mi’zdi’n’ yele buwi’ni’ qati’p rawajlanbag’an da’wirinde teren’ ideyali’ shi’g’armalar do’retti. Shayi’r do’retiwshiligine jan’a wo’mir, turmi’s haqi’yqatli’g’i’, Qaraqalpaqstanda Sovet hu’kimetinin’ wornawi’ woni’n’ do’retiwshiligine jan’asha bag’dar belgiledi, jan’a ideyali’q mazmun berdi. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’tkendegi turmi’si’n da, jan’a turmi’si’n da wo’z ko’zi menen ko’rgen shayi’r xali’qti’n’ yen’ jaqsi’ ullari’ a’rman yetken baxi’tli’ turmi’sti’ ko’terin’ki ruwx penen idiraldi’ sezimler menen ji’rladi’»[1] dep wo’z da’wirinde joqari’ bahalaydi’. Soni’n’ menen birge A.Muwsaev shi’g’armalari’ xali’q arasi’nda ken’ taraldi’. Wol bul jan’a turmi’sti’n’ ji’rshi’si’ boli’p, birinshilerdin’ qatari’nda qosi’qlar do’rete basladi’. Birinshilerden boli’p jan’a turmi’s haqqi’nda jan’asha ji’rlap Ayapbergen XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ baslawshi’lari’ni’n’ ha’m ti’rnag’i’n sali’wshi’lardi’n’ biri boldi’.

Shayi’r wo’zinin’ «Qayda» ha’m «Wo’giz» degen qosi’qlari’nda a’dilsizlikti, qatti’ yeziliw xali’q turmi’si’ qanday awhalg’a kelip jetkenin ko’rsetken. «Qayda» degen qosi’qtag’i’ «Suw tabi’lmas, yendi bizge pal qayda» dewi miynetkesh xali’qti’n’ awi’r turmi’si’n obrazli’ so’zler menen an’latadi’.

Al, «Wo’giz» degen qosi’g’i’nda:

Ha’ptede bir masli’g’i’mnan wo’tesen’,
İzin’nen aydasam, keyin ketesen’,
Awzi’n’di’ i’rji’yti’p mazaq yetesen’,

[1] Нурмухаммедов М. «Аяпберген Муўса улы» Нөкис, 1981 ж. 3-бет.

A’sterek ju’r shi’g’i’ri’mdi’ si’ndi’rdi’n’[1] deydi.

Bul tek shayi’rdi’n’ wo’z turmi’si’ yaki bir awi’ldag’i’ diyxanlardi’n’ g’ana turmi’si’ yemes, al 1917-ji’llardan buri’ng’i’ Qaraqalpaqstandag’i’ pu’tkil miynetkesh diyxanlardi’n’ turmi’s kartinasi’. Qosi’qti’n’ mazmuni’na qarasan’ teren’ ideyani’, usi’nday awi’r turmi’s kartinasi’ menen woni’n’ sebepshilerine shayi’rdi’n’ narazi’li’g’i’n ashi’wi’n, na’letin ko’remiz.

Sonday-aq, a’debiyatshi’ N.Japaqov bul bapta shayi’rdi’n’ bir qatar qosi’qlari’na tallaw jasap, shayi’rdi’n’ hayal-qi’zlarg’a arnalg’an shi’g’armalari’nda hayal-qi’zlardi’n’ sol da’wirdegi ten’sizligin, wolardi’n’ baylarg’a sati’li’wi’n ko’rsetip wo’tedi. Ja’ne de N.Japaqov A.Muwsaevti’n’ bir qatar qosi’qlari’n basqa da tuwi’sqan xali’qlardi’n’ shayi’rlari’ni’n’ qosi’qlari’ menen u’nles keletug’i’nli’g’i’n ayti’p wo’tedi. Ma’selen shayi’rdi’n’ «Yaranlar» (1904 j.) qosi’g’i’ menen wo’zbek xalqi’ni’n’ su’yikli shayi’ri’ Hamza Ha’kimzada Niyaziydin’ 1915-ji’li’ jazi’lg’an «Urlang’an wo’mir» pesasi’ u’nles A.Muwsaev «Yaranlar» qosi’g’i’nda Qutli’murat degennin’ hayal u’stine qi’z alaman dep ju’rip shermende boli’wi’n ha’m sol da’wirdegi jarli’ jigitlerdin’ wo’z su’ygenin ala almay ju’rgende bay, mali’ ko’plerdin’ ko’p hayal ali’p ju’rgenin ko’rsetedi. Al Hamza Ha’kimzada wo’zinin’ shi’g’armasi’nda yag’ni’y «Urlang’an wo’mir» pesasi’nda jas qi’z Ma’riyamxanni’n’ g’arri’ iyshang’a yeriksiz berilgenin, xorli’qqa shi’damay qi’zdi’n’ wo’zin-o’zi wo’ltirgenin ko’rsetedi. Qi’zdi’n’ wo’limi menen avtor social ha’m ruwxi’y jaqtan yeziliwige qarsi’li’g’i’n bildiredi. Hayal-qi’zlarg’a azatli’qti’ tileydi. Demek, bul yeki tuwi’sqan shayi’r da wo’zi jasag’an zamandag’i’ hayal-qi’zlardi’n’ ten’sizligin, xorlani’wlari’n su’wretlep bergen. Qazaq a’debiyati’ni’n’ belgili shayi’ri’ Jambi’l Jabay uli’ wo’z shi’g’armasi’nda patshali’q zamanda a’dillik joq yekenin ko’rsetedi:

«Uezdlerde a’dillik joq,
A’dillikti buradi’,
Aq tayaqsha aylani’p,

[1] А.Муўса улы, Нөкис, 1960-жыл, 111-бет.

Yesiginde turadi'» deydi.

Al A.Muwsaev shi'g'armalari'nda da patshali'q, xanli'q du'zimdi kritikalawi', a'shkaralawi' ko'rinedi. Wol 1914-ji'li' jazi'lg'an «Qayda» qosi'g'i'nda:

Aqi'l kerek so'z ma'nisin bilmege,
Ra'hba'r kerek tuwri' joldan ju'rmege
Bay jarli'ni' bir ko'z benen ko'rmege
G'a'rip aytar a'dalatli' xan qayda.

degen ideyani' beredi. Bunda shayi'rdi'n' tiykarg'i' ideyasi' yelge tuwri' a'dil basshi'li'q kerek, barli'q adamg'a ten' qaraytug'i'n a'dil basshi' kerek deydi,-soni' a'rman yetedi. Demek, bul jerde de yeki shayi'rdi'n' ko'z-qarasi', pikirleri birdey, qosi'qlari'nda u'nleslik bar.

A.Muwsaev qaraqalpaq a'debiyati'nda 1917-ji'llardan buri'n a'debiyatti'n' ta'riplew (oda) tu'rin wo'z shi'g'armalari'nda paydalang'an. Evropada woda dep ataladi', Shi'g'i'sta Qasi'yda dep atali'p, bunday tu'rde jazi'li'w buri'nda da ko'p bolg'an.

Woda da'slepki waqi'tta grek poeziyasi'nda payda boli'p, namag'a sali'p ayti'latug'i'n qosi'q, merekelerde saltanatli' tu'rde ayti'latug'i'n lirikali'q maqtaw qosi'qlari' ma'nisinde ali'ng'an. Wodani' barli'q rus klassikleri derlik jazg'an. A'sirese A.N. Radishev ha'm A.S.Pushkin wodani' social-ja'miyetlik temag'a baylani'sti'rg'an.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ko'rnekli wa'killeri Berdaq, Wo'tesh, Womar ha'm basqa da shayi'rlar ta'riplerdi ko'p jazg'an. Wolardi'n' qi'zlardi' ayi'ri'm jigitlerdi maqtawi' ja'miyetlik social mazmunlar menen baylani'si'p kelgen.

Bul jo'ninde A.Muwsaev birewdi maqtaw, bayan yetiw, qosi'qlari'n ju'da' sheber jazi'p, bul qosi'qlardi' wol tek maqtaw yamasa bayanlaw menen sheklenbesten woni' teren' tu'rde xali'q turmi'si'na, social-ekonomikali'q ma'selelerge, ja'miyetlik ko'z-qaraslar menen ti'g'i'z baylani'sti'rg'an. Shayi'rdi'n' ta'riplew qosi'qlari'na «Ta'rip», «Molla Amanqul», «Xalmurat»,

«Shul qi’zdi’n’», «Maqsi’mjan qi’z», «Ma’stana», «Bir go’zzal», «Miyrixan», «Worazgu’l», «Da’wim uli’» ha’m tag’i’ basqalar kiredi. Shayi’rdi’n’ bul qosi’qlari’ni’n’ ishinde yen’ belgili xali’qqa tani’mali’ «Ta’rip» qosi’g’i’. «Ta’rip» degen patriotli’q qosi’g’i’nda shayi’rdi’n’ tuwi’lg’an yeli u’lken su’yiwshilik penen ji’rlang’an. Aydi’n ko’ller, dala - sho’ller, bati’r jigitler, go’zzal qi’zlar, belli shabandozlar, ataqli’ shayi’rlar ha’m tag’i’ basqalar. Ayapbergennin’ bul qosi’g’i’nda ko’rkem til, ji’lli’ sezim, ko’terin’ki maqtani’sh penen ji’rlanadi’[1]- dep si’patlag’an yedi. Bul shi’g’arma xali’q qosi’g’i’na aylani’p ketken.

Arjaq-berjaq boli’p yeki sa’n bolg’an,
Bo’lim-bo’lim yeller qaraqalpaqtadi’,
G’an’ki’ldasi’p u’yrek ushi’p g’az qong’an,
Aydi’n-aydi’n ko’ller qaraqalpaqtadi’.

Soni’n’ menen birge A.Muwsaev ta’rip (oda) jazi’wg’a sheber bolg’an. Qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ tradiciyalari’nan duri’s paydalana woti’ri’p, shayi’r ta’riplew shi’g’armalari’n tek birewdi maqtaw yemes, bayanlaw yemes, teren’ tu’rde xali’q turmi’si’na, social-ekonomikali’q ma’selelerge, ja’miyetlik ko’z-qaraslar menen ti’g’i’z baylani’sti’rg’an. Wolarda shayi’r wo’zinin’ ideyasi’n obrazlar arqali’, birewlerdin’ jetiskenlik, kemshiliklerin ko’rsetiw arqali’ sheberlik penen bere bilgen.

Shayi’r wolardi’ tiykari’nan turmi’sqa baylani’sqan, xali’q ideyasi’n korsetetug’i’n shi’g’armalar.

Shayi’r wo’z shi’g’armalari’nda satira menen yumordi’ sheberlik penen qollang’an. Wol wo’zinin’ wo’tkir satirasi’ menen yeski du’zimdegi ha’meldarlardi’, a’sirese din wa’killerin: molla-iyshan, suwpi’lardi’n’ pa’s a’detlerin xali’qqa qi’yanetin ko’rsetip, wolardi’n’ u’stinen ku’ledi.

Yeki hayal ali’wshi’larg’a, hayal-qi’zlarg’a naduri’s qarawshi’larg’a qarsi’ shi’g’adi’. Shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’nda yumor ko’p wori’n alg’an. A.Muwsaev a’debiyatta yumordi’ rawajlandi’ri’wshi’ boli’p yesaplanadi’. Wol yumor

[1] Нурмуҳаммедов М. «Аяпберген Муўса улы» Нөкис, 1981-жыл, 13-бет

jazi’wg’a sheber boli’p, woni’ wo’tkir, teren’ ma’nili, tili jen’il, tu’sinikli tu’rde Bere bilgen.

A.Muwsaev qaraqalpaq xali’q tvorchestvosi’nan, folklordan qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’nan ken’ tu’rde paydalani’p, satira menen yumordi’ wo’z shi’g’armalari’nda sheberlik penen isletken. Woni’n’ «Ka’t quda», «Saparbayg’a», «Ten’elge», «Qi’z qi’di’rg’an jigit», «Allanazarg’a», «Reyim», «Beken», «Dosbergen Axung’a» ha’m tag’i’ basqa da satirali’q qosi’qlari’ bar. A’sirese, shayi’r «Saparbayg’a» degen qosi’g’i’nda alag’ayi’m, apalaqlawlardi’n’ kelbetin wo’tkir qi’li’p bergen.

Aq basti’ boyan dep,
Qumi’rsqani’ shayan dep,
Kirpi tikendi qoyan dep,
Masqara bolg’an Saparbay.

Shayi’rdi’n’ satira ha’m yumori’ wo’z da’wirinin’ siyasiy ekonomikali’q turmi’si’ menen ti’g’i’z baylani’sli’.

Ayapbergen wo’zinin’ xali’qli’q ideyasi’n ashi’q tu’rde bere bilgen, xali’qti’ joqari’ a’dep-ikramli’li’qqa, shi’n adamgershilikke, biyik sapag’a, taza qa’siyetlerge shaqi’rg’an. Woni’n’ ku’shli satira ha’m yumori’ni’n’ a’dewir bo’leginin’ yele de a’hmiyeti bar. A’sirese, turmi’stag’i’ yeski qaldi’qlarg’a qarsi’ gu’reste ayi’ri’m adamlardi’n’ minez-qulqi’ndag’i’ da’wirimizge i’layi’q yemes jaman keyipleri bizin’ ha’zirgi turmi’si’mi’zda da ushi’rasadi’. Bu’gingi ku’ni de bul satirali’q qosi’q wo’z quni’n joytpag’an.

A.Musaev yeki da’wirdi 1917-ji’llardan buri’ng’i’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qayg’i’li’ awi’r turmi’si’n ha’m 1917-ji’llardan keyingi da’wirdi wo’z ko’zi menen ko’rgen shayi’r. Woni’n’ du’nyag’a ko’z-qarasi’na da usi’ yeki zamanni’n’ ja’miyetlik, siyasiy-ekonomikali’q jag’daylari’ ha’m tariyxi’y wa’qi’yalardi’ sheshiwshi ta’sir yetedi.

A’debiyatshi’ N.Japaqov miynetinin’ yekinshi babi’ «Ayapbergen Muwsaevti’n’ 1917-ji’llardan keyingi shi’g’armasi’» dep atali’p, bul bapta

shayi’rdi’n’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ yerkin, baxi’tli’ da’wirin wo’z ko’zi menen ko’rgenin ha’m bir qansha shi’g’armalar do’retkenin jazadi’. Sonday-aq shayi’rdi’n’ 1917-ji’llardan keyingi da’wirde do’retken shi’g’armalari’na analiz(tallaw) jasaydi’.

İlimpaz shayi’rdi’n’ yeki da’wirdegi shi’g’armalari’n sali’sti’ri’p izertlep wolardi’n’ jetiskenligin ha’m ayi’ri’m kemshiliklerin ayti’p wo’tedi. Degen menen shayi’rdi’n’ jan’a da’wirdegi shi’g’armalari’nda 1917-ji’llardan buri’ng’i’ shi’g’armalari’nday turmi’sti’n’ ayi’ri’m tarawi’ yemes, basli’, tutas tarawi’ ko’p ji’rlanadi’. Shayi’rdi’n’ 1917-ji’llardan buri’ng’i’ shi’g’armalari’ni’n’ motivleri kopshiligi xali’qti’n’ turmi’si’nan ten’sizliginen kelip shi’qqan bolsa, jan’a da’wirdegi shi’g’armalari’ni’n’ motivleri wog’an qarama-qarsi’, xali’qti’n’ buri’nda bolmag’an yerkin, baxi’tli’ turmi’si’nan kelip shi’qqan.

Shayi’rdi’n’ jan’a da’wirdegi shi’g’armalari’ni’n’ tag’i’ bir wo’zgesheligi, xarakterli jeri, ideya menen ko’rkemliktin’ tutas birligi, ti’g’i’z baylani’si’p keliwi.

A.Muwsaevti’n’ 1917-ji’llardan buri’ng’i’ shi’g’armalari’ni’n’ tiykarg’i’ tematikasi’ – gedeylerdin’ ayani’shli’ turmi’si’, hayal-qi’zlardi’n’ ten’sizligi (huqi’qli’g’i’) bolsa, jan’a da’wirdegi shi’g’armalari’ni’n’ tematikasi’ pu’tkilley wo’zgeshe, wog’an qarama-qarsi’, xali’qti’n’ jan’a turmi’si’, xali’qlar dosli’g’i’ ha’m tag’i’ basqa.

Sonday-aq shayi’r shi’g’armalari’ tuwg’an yeldi, watandi’ su’yiwge, wog’an xi’zmet yetiwge tiykarlang’an. A.Muwsaev watandi’ shi’n ju’rekten su’ygen ha’m wog’an ayanbay xi’zmet yetken patriot shayi’r. Filologiya ilimlerinin’ doktori’ N.Da’wqaraev Ayapbergennin’ shi’g’armalari’n izertley woti’ri’p, «Ayapbergen shi’n patriot, wo’z xalqi’n watani’n qi’zg’i’n su’ygen shayi’r»[1] dep ko’rsetken yedi.

Shayi’rdi’n’ «Bola basladi’» qosi’g’i’ yen’ joqarg’i’ patriotli’q ideyada jazi’lg’an shayi’rdi’n’ shi’n patriot yekenin da’liylleytug’i’n shi’g’arma. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ revolyuciyadan buri’n patshalardi’n’, xanlardi’n’ hu’kimi

[1] Дәўқараев Н. «Шығармаларының толық жыйнағы» Нөкис, 1979 ж, 229-бет.

asti'nda birige almay, bo'lim-bo'lim boli'p jasag'ani'n wo'z ko'zi menen ko'rgen shayi'r, qaraqalpaq xalqi'ni'n' milliy ma'mleketin du'zip xali'q bolg'ani'na quwandi'. Usi'g'an baylani'sli' shayi'r «Bola basladi'» qosi'g'i' 1925-ji'li' jazg'an. Soni'n' menen birge shayi'r qosi'qti' zali'm patsha jasag'an zaman menen jan'a zamandi' sali'sti'radi'.

Jurt ji'latqan zali'm patsha joq boldi',
Sarg'i'lt sali'p puxarani' jep boldi',
Zamani'n'da uri's-ja'njel ko'p boldi',
Wonnan son' hu'rriyat bola basladi'.

…Bul azatli'q birden bolg'an yemesti,
Qan to'gilmey an'sat bolg'an yemesti,
Bul so'zinin' biri jalg'an yemesti,
Ulli' jurtti'n' kewli pite basladi'.

Millet bop sanali'p, atali'p ati',
So'ylegen so'zleri shekerden tatli',
Yerkin qaraqalpaq Muhtariyati',
Degen so'z ha'r jerden shi'g'a basladi'.[1]

Sonday-aq shi'g'armani'n' tiykarg'i' bo'limi Worta Aziya xali'qlari'ni'n', soni'n' ishinde qaraqalpaq xalqi'ni'n' da wo'z milliy ma'mleketin du'ziwdi ko'rkem so'z benen su'wretlep bayanlawg'a qarati'lg'an. Shi'g'arma tariyxti' duri's ko'rsetedi. A.Muwsaev usi' tariyxi'y waqi'yalardi'n' a'hmiyetin ko'rkem so'z benen wo'z shi'g'armasi'nda duri's bere bilgen. «Shi'g'arma shayi'r tvorchestvosi'ni'n' wo'skenligin ha'm rawajlani'p barati'rg'anli'g'i'n da'liylleydi»[2]. Bir qatar kemshiliklerine qaramastan «Bola basladi'» shi'garmasi' xali'q jen'isin ha'm jemisin ko'rkem so'z benen ko'rsetken ku'shli shi'g'arma,

---

[1] А.Муўса улы, Нөкис, ҚҚМБ, 1960-жыл, 31-32-бетлер.
[2] Нурмуҳаммедов М. «Аяпберген Муўса улы», Нөкис, 1960, 14-бет.

tiykarg'i' ideyasi' azat, baxi'tli', jan'a turmi'sti' su'wretlewden ibarat. «Shi'g'arma Qaraqalpaqstan miynetkeshlerinin' jan'a zamang'a ayti'lg'an alg'i's ha'm minnetdarshi'li'q penen toli'. Qosi'qta bastan ayaq wo'tip jatatug'i'n negizgi ideya – bul azat xali'qlardi'n' quwani'shli' ha'm jan'a zamanni'n' arti'qmashli'g'i'n ko'rsetiw».[1]

Soni'n' menen birge A.Muwsaev bul da'wirde tek g'ana qosi'qlar jazi'p qoymastan bir neshe lawazi'mda islep xali'qqa xi'zmet ko'rsetken ha'm sol waqi'ttag'i' saylawlarg'a qatnasqan. Shayi'r xali'qti' su'yip wog'an xi'zmet yetiwden, hadal islep, xali'q alg'i'si'n ali'wdan basqa u'lken hu'rmet, u'lken dan'q joq degen ideyani' Bere bilgen. Tuwg'an yeldi su'yiw, woni' jamanlamaw, xali'qti' si'ylaw ideyasi'n shayi'r «Ma'ten shayi'r» degen shi'g'armasi'nda beredi:

…Jigit bolsan' jaman deme yelatti',
Sen bilmeysen' a'dep penen uyatti'…
******************************
Men jaman demeymen senin' yelin'di,
Bastan-ayaq men aytayi'n minin'di»

dep ayi'ri'm adamda, woni'n' minez-quqi'nda kemshilik bolsa da, uli'wma yelde, xali'qta kemshilik bolmaydi', xali'qqa til tiygiziw, woni' jamanlaw jaman a'det degen ideyani' tu'sindiredi.

## 1.2. Shayi'r shi'g'armalari'ni'n' ideya tematikasi', janri' ko'rkemligi haqqi'nda

Biz jumi'si'mi'zda A.Muwsaevti'n' 1917-ji'llardan buri'n a'debiyatti'n' satira janri'n (tarawi'n) jaqsi' rawajlandi'rg'ani'n, sheber satirik shayi'r bolgani'n, 1917-ji'llardan buri'ng'i' shi'g'armalari'n analizlegenimizde ko'rsetken yedik. Shayi'r 1917-ji'llardan keyin de ko'p g'ana satirali'q shi'g'armalar do'retti. Bul satirali'q shi'g'armalardi'n' wo'zgesheligi sonda, yeskinin' qaldi'qlari'n

[1] Ахметов С. Уллы Ўатандарлық урысқа шекемги дәўирде қарақалпақ поэзиясы. Нөкис, 1959 ж., 22-бет.

a’shkaralaw, jumi’stag’i’, turmi’stag’i’ ayi’ri’m kemshiliklerdi kritika asti’na ali’w ha’m tag’i’ basqalar boli’p yesaplanadi’.

Shayi’rdi’n’ 1927-1929-ji’llari’ jazi’lg’an «Bar yeken» satirasi’ di’qqat qoyi’wg’a tuwra keletug’i’n shi’g’arma. Bunda shayi’r awi’l baylari’ni’n’ su’tqor yekenin, adamgershiligi kem yekenin ko’rsetedi.

…Qi’yal a’ylep anda gezdik awi’li’n,
Buzaw uslap sawi’si’p tur sawi’ni’n,
Qa’leke bay degen bayi’ bar yeken…
Xorezmde bunday baydi’ ko’rmedim,

U’lken qaysi’, Yasha qaysi’ bilmedim,
İzzet qaysi’, hu’rmet qaysi’ ko’rmedim…

Bul qatarlardan su’tqor, si’qmar baylardi’n’ kelbeti ku’ta’ ashi’q ko’rinip tur. Shayi’r bunday adamgershiligi pa’s ha’m su’tqor baylarg’a miynetkeshlerdin’ jek ko’riwshiligin, jerkenishli qarawi’n tuwdi’radi’. Shi’g’armadag’i’ basli’ ideyani’n’ biri, qi’zlardi’ malg’a sati’w, para ali’w usag’an yeskinin’ qaldi’g’i’ bul awi’lda ku’shli yekenin, awi’ldi’n’ geypara adamlari’ usi’ jaman a’detti quwatlaytug’i’ni’n ko’rsetip, wolardi’ wo’tkir satira asti’na aladi’.

Sonday-aq shayi’rdi’n’ 1928-ji’li’ jazi’lg’an «Yesma’mbettin’ yeshegi» satirasi’ da jora-joldasti’n’ qa’dirin bilmeytug’i’n adamdi’ (Yesma’mbetti) kritikalap, adamni’n’ jaman minezin ko’rsetip g’ana qoymay, ja’miyetlik ma’nige iye. Yesma’mbettin’ su’tqor-si’qmar adam yekenin ko’rsetiw menen birge, woni’n’ xali’q ushi’n jaqsi’ islemeytug’i’ni’n ayti’p shayi’r:

…Jaz bolsa semirtip, qi’slay ari’ti’p,
Wo’tkir basli’q, is qi’lmaydi’ jari’ti’p…

deydi. Shayi’rdi’n’ «Qartayg’anda» degen satirasi’nda İbrayi’m suwpi’ a’shkara yetiledi.

Suwpi’man dep xali’qti’, ha’tte wo’zinin’ hayali’n, balalari’n aldap, xaramli’q, buzi’qshi’li’q jolg’a tu’sedi. İbrayi’m suwpi’ jigit ag’asi’ qi’ri’q jastan

assa da, Genje degen hayal menen shatasi'p, sog'an qatnap, jag'i'naman dep para berip ju'rgeni ayti'ladi':

Bul hayallarda tuwri' joldan adasi'p,
Maqtani'p kelersen' da'ryaday tasi'p,
Yeki qadaq shekerdi qoli'na basi'p,
Jalbari'p ju'z tuqan ku'nin' bar yeken.

İbrayi'm suwpi' buzi'qli'q yetip ju'rip, Ha'biybulla degennen tayaq jep qalg'ani' da, wo'zi usi'lay islep ju'rgende u'yinde ko'zleri monshaqtay boli'p balalari'ni'n' a'kem qashan keler dep ku'tip ati'rg'ani' da su'wretlenedi, yen' aki'ri'nda:

«Suwpi'man» dep jedin' kisinin' haqi'n,
Aytpasa ketpeydi kewilde dag'i'n,
Urlap bizin' jas ulli'ni'n' jantag'i'n,
Korip bilmese jaman peylin' bar yeken.

dep juwmaq shi'g'aradi'. Bul qatarlarda İbrayi'm-suwpi'ni'n' buzaqi', jalatay g'ana yemes, woni'n' din wa'kili «suwpi'man» dep ju'rip kisinin' haqi'si'n jewden, urli'qtan da qaytpaytug'i'n iplas, pa's adam yekenin a'shkaralaydi'. Shi'g'armani'n' tiykarg'i' ideyasi' adamgershilikke jatpaytug'i'n minezlerin a'shkara yetiwden ha'm suwpi'li'qti' betke perde yetip hesh qanday iplasli'qtan qaytpaytug'i'nlardi' a'shkaralawdan ibarat.

Bunnan basqa da shayi'rdi'n' «Ma'direymge», «To'reshke», «Nurjang'a», «Rozi'mg'a» degen yumorli'q qosi'qlari' jaslardi' ruwxi'y jaqtan ta'rbiyalawda u'lken a'hmiyetke iye. Demek, bulardi'n' birinen shayi'rdi'n' xali'q ta'repinde boli'p gu'reskeni ja'miyet du'ziwge wo'zinin' i'layi'qli' u'les qosqani', ayki'n ko'rinedi. Joqari'dag'i'lardi'n' ba'rinen shayi'rdi'n' jan'a turmi'sti'n' talabi'na muwapi'q, xalki'mi'zdi'n' ko'rkem a'debiyat aldi'na qoyg'an wazi'ypalari'na sa'ykes xi'zmet atqari'wg'a umti'lg'ani'n ko'remiz. Miynettin' keles babi' «Ayapbergen shi'g'armalari'ni'n' geypara ko'rnekli ayri'qshali'g'i' haqki'nda» dep atali'p, bunda tiykari'nan shayi'r shi'g'armalari'ni'n' tili, wo'zine ta'n stili,

soni’n’ menen birge woni’n’ so’z quri’li’si’, tematikasi’ syujet, kompoziciyasi’na baylani’sli’ ma’seleler ha’m shayi’r shi’g’armalari’nda ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ qollani’li’wi’ so’z yetiledi.

Shi’n ma’nisinde ko’rkem shi’g’arma sanasi’n woyati’p, sezimge ta’sir yetip, woyi’na woy, qi’yali’na ki’yal qosadi’, al ko’rkemligi kem shi’g’arma aqi’l da qospaydi’, ju’rekti de terbetpeydi.

Ko’rkem shi’g’arma tusinikli boli’wi’ ushi’n wol shi’g’armani’ adam su’yisinip woqi’wi’, wonnan joqari’ estetikali’q la’zzet tabi’wi’, adamlarg’a paydali’ ta’sir yetip, ku’shli sezim tuwdi’ri’w kerek. Usi’ ko’z-qarastan A.Muwsaev shi’g’armalari’ni’n’ ko’rkemligine toqtag’ani’mi’zda, shayi’r qoyi’lg’an talapti’ ko’pshilik shi’g’armalari’nda inabatli’ wori’nlag’ani’n ko’remiz. Shayi’r wo’zinin’ «Moynaq» degen qosi’g’i’nda:

«Moynaqrayoni’n mi’salga alsaq,
Ku’nnen-ku’nge alg’a basi’p-baradi’.
Xali’qti’n’ turmi’si’n biz ta’riyp qi’lsaq,
Jasarg’an gu’llerdey wo’sip baradi’…

Kolxozlari’ ku’nnen-ku’nge janlani’p,
Ku’n-ku’nnen barati’p isi won’ali’p,
Basqa rayonlardan keyin qurali’p,
Ko’binin’ aldi’na tu’sip baradi’.»

dep sol da’wirdegi xali’q turmi’si’ni’n’ baxi’tli’ sa’wlesin shi’n haqi’yqatli’q penen ko’rsetse, tag’i’ da buni’ ani’q fakt, bir rayonni’n’ wo’z ko’zi menen ko’rgen turmi’stan ali’p, isenimli, obrazli’, tu’sinikli yetip ko’rsetip beredi. Shayi’rdi’n’ «Yaranlar» degen shi’g’armasi’ da bay mazmung’a teren’ ideyag’a iye. «Suwshi’ ju’rmen’ler» degen qosi’qta da qanshama haqi’yqatli’q, jetim balani’n’ ayani’shli’ turmi’si’, su’tqor baydi’n’ tu’r-tu’si ko’z aldi’na kelip, yelesleytug’i’n kartina bari’ ko’rinip tur. Sonday isenimli, ta’siri ku’shli, so’zi tu’sinikli, obrazli’ shi’g’arma.

Ko’rkem shi’g’arma adamlarg’a ta’sir yetiwi ushi’n, adamlardi’n’ estetikali’q talabi’n qanaatlandi’ri’p su’ysinip woqi’wi’ ushi’n, woqi’g’an adamdi’ wo’zine yeriksiz tarti’wi’ ushi’n teren’ mazmunli’, joqari’ ideyali’, obrazli’ boli’wi’ menen birge tu’r jag’i’nan, so’z jag’i’nan ha’m basqa da jaqtan suli’w boli’w kerek. Buni’si’z shi’g’armani’n’ ko’rkem boli’wi’ qi’yi’n. Shayi’rdi’n’ «Beri kel» degen qosi’g’i’ Shi’g’i’s a’debiyati’ni’n’ ta’siri asti’nda jazi’lg’an yen’ suli’w shi’g’armalari’ni’n’ biri. Sonday-aq shayi’rdi’n’ «Qi’rmi’zi’», «Megzer» degen lirikali’q qosi’qlari’ da yen’ suli’w jazi’lg’an shi’g’armalari’nan yesaplanadi’. Biz joqari’da ko’rsetken qosi’qlar wo’zinin’ geypara ko’rkemlik wo’zgesheliklerine iye. Yen’ u’lken wo’zgeshelik-xali’q turmi’si’n teren’ bilip, wo’z ko’zi menen ko’rgenin, basi’nan keshirgenin uli’wmali’q yetip Bere biliwi. Sonday-aq yen’ basli’ wo’zgeshelik-shayi’r shi’g’armalari’ sol da’wirlerdegi xali’q talabi’na, xali’qli’q ideyag’a muwapi’q boli’p, shayi’rdi’n’ ju’regi xali’q ju’regi menen sog’i’p, wo’sip shi’g’i’p kiyati’rg’an jan’ani’ seze baslag’ani’, wo’z da’wirinin’ talabi’na ko’rkem a’debiyatta wo’z shi’g’armasi’nan woni’n’ ko’rkemligi menen juwap Bere biliwinde. Shayi’rdi’n’ teren’ mazmunli’, joqari’ ideyali’, da’wirdin’ talabi’na i’layi’q shi’g’armalar do’retiwdegi tiykarg’i’ metodi’ – realizm metodi’ boli’p yesaplanadi’. Sebebi turmi’sti’n’ talabi’ boyi’nsha tikkeley real tariyxi’y jag’daylardan kelip shi’qqan a’debiy shi’g’arma turmi’sti’ obraz arqali’ sa’wlelendiriw kerek. Bug’an shayi’rdi’n’ «Suwshi’ ju’rmen’ler», «Suwshi’ bala», «Wo’giz» shi’g’armalari’n ayti’p wo’tiwimizge boladi’.

Soni’n’ menen birge shi’g’armani’n’ ko’rkemligi jazi’wshi’ni’n’ stiline de baylani’sli’. A.Muwsaevti’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’zine ta’n stili bar. «Shayi’rdi’n’ jekke stili xali’q massasi’ni’n’ milliy-azatli’q gu’reslerisiz ta’sirinde qa’liplesti ha’m jetilisip bardi’».[1]

Buni’ biz shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ ideyalari’nan ko’riwge boladi’. Shayi’r stilinin’ wo’zine ta’n ayri’qshali’g’i’ tek shi’g’armalardi’n’ ideyasi’na g’ana

[1] Байниязов Қ. «Аяпберген Муўсаевтың шайырлық стилиниң ўөзгешеликлери». Нөкис, 1972 ж. 89-бет.

yemes, soni’n’ menen woni’n’ so’z quri’li’si’, tematikasi’, tili, syujeti, kompoziciyasi’na da baylani’sli’.

Shayi’r shi’g’armalari’n bastan-ayaq ko’zden wo’tkerip qarag’ani’mi’zda woni’n’ bir neshe tu’rge bo’linetug’i’ni’ seziledi. Forma jag’i’nan da a’dewir wo’zine ta’n wo’zgeshelik bar.

A.Muwsaev qaraqalpaq a’debiyati’n janrlar menen bayi’ti’wda wo’z u’lesin qosqan shayi’r. Woni’n’ poetikali’q shi’g’armalari’nda to’mendegi tu’rler bar:

1. Lirikali’q shi’g’armalar.
2. Epikali’q shi’g’armalar.
3. Didaktikali’q shi’g’armalar (na’siyat beriwshi).
4. Yumor ha’m satira.
5. Ta’riplew (oda).

A’debiyatti’n’ tiykarg’i’ shaqaplari’ni’n’ biri si’pati’nda lirika shayi’rdi’n’ subektivlik woy-sezimlerin, du’nyag’a ko’z-qarasi’n sa’wlelendiredi. A.Muwsaev ku’shli lirik shayi’r. Woni’n’ lirikasi’nan woy-sezimleri, ishki si’ri’, tilek-a’rmanlari’, basi’nan keshirgen isleri ko’rinip turadi’. Shayi’r lirikasi’ni’n’ ku’shi sonda, shayi’r wo’zinin’ jeke woy-sezimlerin, tilek-a’rmanlari’n, maqset-u’mitleri menen baylani’sti’ri’p bere bilgen. A.Muwsaev shi’g’i’s a’debiyati’ni’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerin u’yrene woti’ri’p, yesitkennin yadi’nan shi’qpastay wog’ada suli’w lirikali’q qosi’qlar do’retken. Woni’n’ «Beri kel», «Megzer», «Qi’rmi’zi’», «Kelin», «Bir go’zzal» lirikasi’ usi’nday shi’g’armalar qatari’na kiredi. Sonday-aq shayi’r epikali’q shi’garmalar da do’retken. Woni’n’ u’zindi boli’p bizin’ qoli’mi’zg’a tiygen «Yeliwbayg’a», «Qudaybergen da’stani’», «Begdin’ ko’k ati’» da’stanlari’ bar. Bulardi’n’ barli’g’i’ shayi’rdi’n’ epikali’q shi’g’armalar jazg’ani’nan derek beredi. Biraq bul epikali’q shi’g’armalar toli’q bolmag’anli’g’i’ sebepli ilimpaz miynetinde bul tuwrali’ mag’li’wmatlar berilmegen.

Shayi’r didaktikali’q (na’siyat, aqi’l beriwshi) shi’g’armalar jazi’w menen de shug’i’llang’an. Didaktikali’q shi’g’armalari’ qatari’na shayi’rdi’n’ «Mambetnazar», «Aman bol», «Dosti’mni’n’ dilbari’nan», «Na’siyat»,

«Qazaqbay», «Tuwri’ jolda tura ko’rsin», «Dosan bala» ha’m tag’i’ basqa da bir qatar shi’g’armalari’ kiredi.

A.Muwsaev didaktikali’q shi’g’armalar jazi’w menen buri’ng’i’ klassik shayi’rlardi’n’ tradiciyalari’n dawam yetiwshi si’pati’nda ko’zge tu’sedi.

A.Muwsaev a’debiyati’mi’zda yumor ha’m satirani’ rawajlandi’rg’an shayi’rlardi’n’ biri. Woni’n’ ku’shli satirik shayi’r bolgani’n «Da’wir uli’», «Qi’z qi’di’rg’an jigit», «Kamalg’a», «Ishqi’paz», «Bere ko’rmen’» degen ha’m basqa da shi’g’armalari’ toli’q ko’rsetedi. Sonday-aq shayi’rdi’n’ a’debiy miyrasi’nda teren’ mazmung’a iye ko’p g’ana ta’ripleri bar. Woni’n’ «Mazli’m janan», «Ma’stana», «Amanqul», «Xalmurat», «Shul qi’zdi’n’», «Ta’rip», «Ko’k at» shi’g’armalari’ ta’rip janri’nda jazi’lg’an.

Soni’n’ menen birge A.Muwsaevti’n’ qosi’q quri’li’si’ tradiciyali’q sillabika sistemasi’ yag’ni’y, barmak wo’lsheminde jazi’lg’an boli’p tabi’ladi’. Bul sistema kosi’q qatarlari’ndag’i’ buwi’n sanlari’ni’n’ ten’dey boli’wi’ tiykari’nda du’ziledi. Bunday qosi’q quri’li’si’ni’n’ belgisi – uyqas rifma ha’m qosi’q i’rg’aqlari’ni’n’ buwnaqlarg’a bo’liniwi boli’p sanaladi’. Buwi’n pa’tleri, dawi’s tolqi’nlari’ ten’, birdey boli’p keledi, al, u’lken pa’t yen’ aqi’ri’nda boladi’.

A.Muwsaevti’n’ poeziyasi’n wo’lshewi jag’i’nan da tradiciyali’q poeziyani’n’ dawami’ dewge boladi’. Wonda wo’lshewde ayri’qsha wo’zgeshelik joq. Shayi’rdi’n’ tiykarg’i’ qosi’qlari’ni’n’ barli’g’i’ 11 buwi’nli’ 4 qatardan, 8 buwi’nli’ 4 qatardan ha’m 8 buwi’nli’ terme tu’rinde boli’p kelgen.

Shayi’r qosi’qlari’ni’n’ uyqasli’q jaqlari’ da qaraqalpaq xalqi’ni’n’ awi’z a’debiyati’ni’n’ ha’m qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ qollang’an uyqasli’q u’lgilerinin’ dawami’ boli’p, wolarda ayri’qsha bir wo’zgeshelik sezilmeydi. Mi’sali’ abab tu’rleri:

«Arjaq-berjaq boli’p yeki san bolg’an,
Bo’lim-bo’lim yeller qaraqalpaqtadi’,
Uyrek ushi’p, g’an’qi’ldasi’p g’az qong’an,

Aydi’n-aydi’n ko’ller qaraqalpaqtadi’.»

Qosi’qti’n’ quri’li’si’nda wo’lshem, buwi’n, uyqas – u’lken wori’n tuti’w menen birge, pa’t, i’rg’aq ta u’lken a’hmiyetke iye. Irg’aq – bul qosi’qti’n’ tiykarg’i’ ku’shi. Irg’aq bar jerde qosi’q bar. Shayi’rdi’n’ woy-sezimi tek qosi’qti’n’ buwi’nda g’ana yemes, so’zde de seziledi. Qosi’kti’n’ ha’r bir qatari’ toli’q ma’nini an’lati’wi’ kerek, ha’r bir qatar, ha’r bir qosi’q adamg’a jan’a sezim tuwdi’ri’wi’ tiyis. Bul ushi’n qosi’qti’n’ i’rg’ag’i’ da, pa’ti de ku’shli boli’wi’ kerek. A.Muwsaev wo’z qosi’qlari’nda i’rg’aqti’n’ usi’ qa’delerin sheberlik penen iske asi’rg’an. Buni’ wo’z qosi’qlari’nda i’rg’aqti’n’ usi’ qa’delerin sheberlik penen iske asi’rg’an. Buni’ biz shayi’rdi’n’ «Ta’riyp», «Bola basladi’», «Yan’li’di’», «Megzer», «Qayda» qosi’qlari’nan koriwimizge boladi’. Ko’rkem obraz du’ziwde de i’rg’aqti’n’ tutqan worni’ u’lken. Irg’aqti’n’ ku’shi ku’shli boli’wi’ poetikali’q woy-sezimnin’ ku’shi ha’m duri’sli’g’i’, jetiskenligi menen baylani’sli’.

İlimpaz N.Japaqov: «Shayi’r shi’g’armasi’ni’n’ obrazli’ ha’m woqi’wshi’g’a tu’sinikli yetip beriw ushi’n, su’wretlemekshi bolg’an waqi’yasi’n yamasa obrazi’n ayki’n janli’ tu’rde ko’rsetiw ushi’n ko’rkem a’debiyatti’n’ talabi’na muwapi’q bolg’an ha’r qi’yli’ su’wretlew qurallari’n (epitet, ten’ew, metafora, giperbola) sheberlik penen qollang’an. Biz shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’nda yen’ ko’p gezlesetug’i’n yen’ ko’p su’wretlew qurallari’na toqtap wo’tpekshimiz»,-deydi.

Epitet shi’g’armada qollani’latug’i’n su’wretlew qurallari’ni’n’ biri. Bul so’zdin’ ma’nisin belgilew, ayi’ri’m na’rselerdin’ ati’n, xarakterin ani’q ko’rsetiw ha’m woni’ su’wretleytug’i’ni’na qosi’msha ma’nili de boli’p yesaplanadi’. Shayi’r shi’g’armasi’nan mi’sallar keltireyik:

…Jas ku’ninde boldi’n’ ash ha’m jalan’ash,
Ko’zlerin’nen to’gip ju’rdin’ qanli’ jas.

yamasa:

…Palwaniyazdan basqa shi’qti’n’,

Ala tuyaq qasqa shi’qti’n’.

Bul jerde «qanli’ jas», «ala tuyaq qasqa» so’zleri epitet. Shayi’r xalki’mi’zdi’n’ bay awi’zeki a’debiyati’n jaqsi’ bilgen.

Shayi’r shi’g’armalari’nda giperbolani’ da jaqsi’ qollang’an. Giperbola-su’wretlewlerdin’ ta’sirli ha’m ku’shli boli’wi’ ushi’n worni’n tawi’p asi’ra su’wretlew yamasa ta’riyplew ma’nisin beretug’i’n a’debiy qural.

…Bir buwdaydan sho’rek qi’lar,
Jalg’i’z qi’ldan yelek qi’lar.

yamasa:

…Jan aladi’ qarag’anda ko’zleri,
Da’rtine dawadur shiyrin so’zleri.

degen qatarlardag’i’ «Bir buwday sho’rek», «jalg’i’z qi’ldan yelek», «Jan aladi’ qarag’anda ko’zleri» degen so’zler giperbola.

Ten’ewler a’debiy shi’g’armada ku’ta’ u’lken wori’n tutadi’. A.Muwsaevti’n’ shi’g’armalari’ ten’ewlerge wog’ada bay. Shayi’r ten’ewlerdi sheber, shi’g’armani’n’ mazmuni’na, ideyasi’na qaray wori’nli’ qollani’ladi’. Ma’selen «Moynaq» qosi’g’i’nda jan’a turmi’sti’, Moynaq rayoni’ miynetkeshlerinin’ gu’llenip barati’rg’an baxi’tli’ wo’mirin ji’rlaydi’. Usi’g’an sa’ykes ten’ewler beredi:

…Xalqi’ni’n’ turmi’si’n biz ta’riyp qi’lsaq,
Jasarg’an gu’llerdey wo’sip baradi’.

Bundag’i’ «gu’llerdey» so’zi «day, Dey» jalg’awi’ qosi’li’p ten’ew jasalgan.

Shayi’r ha’r bir ten’ewdi turmi’sti’n’ ha’r qi’yli’ tarawlari’na, sog’an sa’ykes ko’rinislerge, zatti’n’ tu’r-tu’sine, su’wretlengen adamni’n’ minez-qulqi’na qaray paydalang’an.

«Saqali’n’ ag’ari’p tisin’ tu’sken son’,
Taza nawjawanday qa’ddi dal qayda.»

Shayi’r ten’ewlerinde itibar qaratatug’i’n tag’i’ bir na’rse, wol ten’ewlerdin’ ha’r bir da’wirdin’ wo’zine i’layi’q turmi’stag’i’ basli’-basli’ waqi’yalardi’n’ wo’zine sa’ykes boli’p keliwine kewil bo’ledi.

Metafora – degenimiz almasti’ri’w ma’nisinde qollani’latug’i’n so’zler. Shayi’r metaforani’ shi’g’armani’n’ mazmuni’na, ideyasi’na qaray sheberlik penen qollanadi’.

«Uri’sta bir wo’zi mi’n’g’a derekli,
Go’rug’li’ aybatli’, Ru’stem ju’rekli»…

Bul jerde shayi’r wo’zinin’ jigitlerin ta’riyplegende Shi’g’i’s a’debiyati’nda belgili bolgan qaharmanlarg’a ten’gerip, metafora joli’ menen obrazli’ yetip ko’rsetedi.

A’debiy til - ko’rkem shi’g’armani’n’ jani’. A’debiy tilsiz ko’rkem shi’g’arma do’retiw menen yemes, a’sirese, a’debiy til qosi’qti’n’ tili – bul ayri’qsha so’z du’zilisi.

Ha’r da’wirde, turmi’sti’n’ ha’r bir tarawi’nda, ha’r da’wirde jasag’an adamlardi’n’ minez-qulqi’na, xarakterine, ka’sibine baylani’sli’ so’zlerdi wori’nli’ qollana biliw shayi’rdi’n’ til bayli’g’i’nan derek beredi. Ha’r bir shi’g’armani’n’ mazmuni’na, ideyasi’na qaray so’z du’zilisi, tili boli’wi’ lazi’m. «Syujeti joq shi’g’armalar da boli’wi’ mu’mkin. Kompoziciyasi’ kewildegidey boli’p shi’qpag’an shi’g’armalar da tabi’ladi’. Biraq tili to’men shi’g’arma bolmaydi’. Sebebi tili to’men shi’g’armani’ adam woqi’y almaydi’. Soni’n’ ushi’n da til ko’rkem shi’g’armani’ si’patlawdi’n’ negizi».[1] A.Muwsaev tili bay. Wol xali’q tilin, a’sirese a’debiy tildi meylinshe wo’zlestirgen, tildi shi’g’armasi’ni’n’ mazmuni’, ideyasi’na karay, ko’rkemlik su’wretley biliwine qaray yerkishe jetekley alatug’i’n shayi’r. Shayi’rdi’n’ «Qi’rmi’zi’» degen qosi’g’i’nda:

…Jerler la’rzem berer jolga shi’qqanda,
Tawlar da jol berer ku’lip baqqanda.

[1] Мамбетов К. «Әдебият теориясы». Нөкис, 1995 ж., 107-бет.

degen qatarlar bar. Buni’n’ ma’nisi ki’zdi’n’ awi’rli’g’i’nan jer mayi’si’p turg’an yemes, al qi’zdi’n’ suli’wli’g’i’nan jer mayi’sadi’, bawi’ri’ qatti’ qara tas ta, taw da qi’z ku’lgende yerip jol beredi demekshi. Bunday ko’p ma’nili, wori’nli’ jazi’p qollang’an so’zlerdi shayi’rdi’n’ shi’g’armasi’ni’n’ ishinen ko’plep tabi’wg’a boladi’.

Shayi’rdi’n’ tili xali’qli’q til boli’wi’ lazi’m. Usi’nday bolg’anda woni’n’ tilinin’ suli’wli’g’i’n, tazali’g’i’n tu’sinikliligin, shi’g’armani’n’ ko’pshilikke tez tarap ta’sir yetiwin ta’miyn yete aladi’. Shayi’rdi’n’ yeki da’wirde shi’g’arma jazi’wi’na qaramastan, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ha’zirgi a’debiy tilinen ko’p wo’zgeris joq. Biraq, shayi’rdi’n’ 1917-ji’llardan buri’ng’i’ shi’garmalari’nda arab, parsi’ tillerindegi so’zler ushi’rasadi’. Buni’n’ sebebi shayi’r yeski mektepte woqi’p ha’m shi’g’i’s a’debiyati’n ko’p woqi’g’an, wo’z waqti’ni’n’ bilimli adami’ bolg’an. Ja’ne de shayi’r arab, parsi’ so’zlerin qalay bolsa solay ala bermey, woni’ xali’qqa tu’sinikli qollana bergen.

…Ko’rgen adam shiyrin jannan kesherler,
Su’mbil shashi’ ash beline tu’serler,
«Biyopadan yari’ bolsa,
Zulperinin’ tari’ bolsa…»

Bul jerde «su’mbil», «biyopa», «zu’lip» so’zleri qaraqalpaq tiline basqa tillerden kirgen bolsa da, ko’pshilikke tusinikli.

Shayi’r qaraqalpaq tiline basqa tillerden tu’sinikli yetip so’z qosa woti’ri’p, sol zaman ushi’n til bayli’g’i’n joqari’ ko’teriwge umti’lsa, yekinshi jag’i’nan sol waqi’ttag’i’ kitabi’y tildi hali’q tiline jaqi’nlasti’ri’w ushi’n xi’zmet yetken.

Ja’ne de shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ ishinde naqi’l-maqallar ko’p ushi’rasadi’.

Naqi’l bar: «Mi’n’ qoydi’ bir serke baslar»,
«Ju’zden ju’yrik, mi’n’nan tulpar»,
«Qusi’n tu’spesin qali’n’g’a»,
«Biy aki’lg’a yergen azadi’»,
«Nar ko’terer awi’r ju’kti»,

«Qartaysa da dan’qi’ jatpas tulpardi’n’»

degen xali’q naqi’l-maqallari’ gezlesedi. Joqari’dag’i’ aytqanlardan A.Muwsaevti’n’ ana tilimizdi jaqsi’ bilgeni, woni’ duri’s paydalang’ani’, qaraqalpaq a’debiy tilin bayi’ti’w ushi’n i’layi’qli’ miynet yetkeni ayqi’n ko’rinedi.

Uli’wma alg’anda bapta biz ilimpaz N.Japaqovti’n’, A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligi haqki’nda so’z yetken izertlewlerine toqtap wo’ttik. Demek, bunnan biz A.Muwsaev do’retiwshiligin ken’ bag’darda so’z yetip qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ rawajlani’wi’na wo’z u’lesin qosqani’n ko’remiz. Ha’tteki, bul monografiya qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ ilimdegi yen’ da’slepki (60-ji’llari’) izertlewler boli’wi’na qaramastan, shayi’r do’retiwshiligin ha’r ta’repleme qarasti’ri’p woni’n’ portretin ani’q ko’z aldi’mi’zg’a keltiredi. Shayi’r do’retpeleri haqqi’nda ken’nen mag’li’wmatqa iye bolami’z.

# II BAP. A.MUWSAEVTIN’ SHAYIRLIQ STİLİNİN’ WO’ZGESHELİKLERİ

## 2.1. A. MUWSAEVTIN’ A’DEBİY WORTALIG’I HAQQINDA

A. Muwsaev do’retiwshiliginin’ izertleniwi boyi’nsha yekinshi miynet ilimpaz (a’debiyatshi’) Q.Bayniyazovti’n’ qa’lemine tiyisli.

Q.Bayniyazov wo’zinin’ «A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stilinin’ wo’zgeshelikleri» (1972-ji’l) degen miynetin jazdi’. Miynette shayi’rdi’n’ jeke stili, sheberligi ma’selesi ha’r ta’repleme ilimiy jaqtan izertlengen. Bul miynet u’lken yeki bo’limnen ibarat boli’p, woni’n’ birinshi bo’limi «Ayapbergen Muwsaevti’n’ a’debiy wortali’g’i’» dep ataladi’. Bunda tiykari’nan shayi’rdi’n’ ustazlari’, zamanlaslari’ ha’m sha’kirtleri haqki’nda, woni’n’ a’debiy wortali’g’i’ haqqi’nda ayti’ladi’.

A’debiyatshi’ Q.Bayniyazov «Ulli’ jazi’wshi’lar ha’m shayi’rlar tosi’nnan payda bolmaydi’, wolardi’n’ ha’r biri wo’zlerinin’ ustazlari’na, zamanlaslari’na, sha’kirtlerine ha’m isin dawam yettiriwshilerine iye boladi’. A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligine na’zer awdarg’ani’mi’zda, woni’n’ ustazlari’ – qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ni’n’ u’lgilerin do’retiwshiler, wo’tkendegi qaraqalpaq shayi’rlari’, shi’g’i’s xalqi’ a’debiyati’ni’n’ klassikleri bolg’ani’n, zamanlaslari’ İskender, Qutli’murat, Seyfulg’abit ha’m basqalar yekenin, shayi’rdi’n’ wo’z ka’siplesleri menen tikkeley do’retiwshilik baylani’s jasag’ani’n bayqaymi’z. Al, woni’n’ sha’kirtleri, isin dawam yettiriwshileri qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ wa’killeri yesaplanadi’»[1]-deydi.

Ayapbergen Muwsaev qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ shi’g’armalari’nan miynetkesh xali’qti’n’ sarqi’lmas ku’sh ha’m uqi’bi’na teren’ su’yiwshilikti, u’stem klass wa’killerine sheksiz jek ko’riwshilikti ha’m wolardi’n’ so’zsiz joq

[1] Байниязов Қ. А.Муўсаевтың шайырлық стилиниң ўөзгешеликлери. Нөкис, 1972 ж. 11-бет.

yetiletug’i’nli’g’i’na bekkem isenimdi u’yrendi. Shayi’r qaraqalpaq xali’q dastanlari’nan qaharmanli’qti’ a’jayi’p ko’rinislerin sezdi, tuwg’an yelge sadi’qli’q, xali’q baxti’ ushi’n wo’limge de bas tigiw, yarg’a shi’n bergenlik, wo’mirlik joldas ushi’n qanday qi’yi’nshi’li’q bolsa da ko’niw, islerinin’ xaqli’g’i’na bekkem iseniw ha’m aqi’ri’nda maqset-muradi’na jetiw si’yaqli’ xalki’mi’zdi’n’ iygilikli arzi’w-a’rmanlari’n duri’s ko’re aldi’. Sonday-aq shayi’r folklorli’q shi’g’armalarda xalqi’mi’zdi’n’ neshe mi’n’lag’an ji’llar dawami’nda toplang’an turmi’sli’q ha’m ko’rkemlik ta’jiriybesinin’ bar yekenin bildi. Wol ko’p sanli’ folklorli’q u’lgilerdi ji’ynag’an ha’m qayta islegen.

A.Muwsaev qaraqalpaq xali’q naqi’l-maqallari’n ku’ta’ ko’p bilgen. A’debiyatshi’ Q.Ayi’mbetov 1929-ji’li’ shayi’rdi’n’ wo’z awzi’nan bir qansha original naqi’l-maqallardi’ jazi’p alg’an ha’m bulardi’n’ birazi’ A.Muwsaev do’retiwshiliginde qollani’lg’an: «Mi’n’ qoydi’ bir serke baslaydi’», «Awi’l ali’s Sarko’lde, jetip keldim bir ku’nde», «Adamni’n’ jamani’n xali’q du’zetedi», «Ayti’wshi’ aqi’l bolsa, ti’n’lawshi’ dana bolar», «Ayti’lmag’an so’z joq, yesitilmegen ga’p ko’p», «Az woylag’an ali’sqa joldas bolmas, sayasi’ joq ag’ashqa bu’lbil qonbas», «Qalg’an ko’n’il shi’qqan jan menen barabar», «Jaqsi’ jigit wo’zi ushi’n tuwi’li’p, yeli ushi’n wo’ledi», «Yesap bilmegen-esek», «Ushsan’ qanati’n’ menen, adassan’ awi’li’n’ menen», «Qon’si’ bolsan’, qorg’an bol», «Aman quldi’n’ woti’na aqi’lsi’z janadi’». Joqari’dag’i’ keltirilgen naqi’llardi’n’ geyparalari’ buri’ng’i’ wo’zinin’ formasi’n saqlap qalg’an, al ayi’ri’mlari’n shayi’r islep wo’zgerisler kirgizgen, u’shinshi birewleri avtordi’n’ wo’zi do’retken naqi’l-maqallari’ boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ni’n’ gu’lla’n ideyali’q ko’rkemlik bayli’qlari’ A.Muwsaevti’n’ wo’zindegi ta’biyiy shayi’rli’q talantti’n’ woyani’wi’na, duri’s bag’darg’a tu’siwine ha’m alg’a rawajlani’wi’na ta’sir yetken tiykarg’i’ faktorlardi’n’ biri boldi’.

XIX a’sir qaraqalpaq klassik shayi’rlari’: Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, Wo’tesh h.t.b. do’retiwshiligi – A.Muwsaevti’n’ shayi’r boli’p jetilisiwinde u’lken

a'hmiyetke iye. Wol wo'tkendegi qaraqalpaq xali'q shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'n ku'ta' jaqsi' bilgen. Sonday-aq wol Ku'nxojadan baslap wo'zine shekemgi qaraqalpaq a'debiyati' klassikleri shi'g'armalari'n mudami' qi'ssa qi'li'p woqi'g'an. A.Muwsaev Ku'nxoja shayi'rdan wo'z zamani'ni'n' yen' aldi'n'g'i' qatar ideyalari' menen qurallani'w, xali'qqa barli'q shayi'rli'q talanti' menen sadi'q xi'zmet yetiw, shi'g'armalari'n mazmun ha'm forma jaqlari'nan minsiz jetilistiriw usag'an prinsiplerdi u'yrendi ha'm wo'zlestirdi.

A'jiniyaz shayi'rda wo'z zamani'ndag'i' ja'miyetlik du'zimnin' won'bag'an ta'replerin a'shkaraladi', wo'z watani'n su'ysine ji'rlag'an haqi'yqi'y shayi'r boldi'. A'jiniyaz shayi'r A.Muwsaevti'n' shayi'r boli'p jetilisiwine XIX a'sirdegi basqa qaraqalpaq klassiklerine qaraganda a'dewir ko'p sheshiwshi ta'sir jasag'an ustazi' boldi'.

A.Muwsaev A'jiniyaz shi'g'armalari'ni'n' gu'lla'n ideyali'q-ko'rkemlik wo'zgesheliklerin qunt penen u'yrendi ha'm wo'zlestirdi. Solay yetip wol A'jiniyaz poeziyasi'ni'n' suli'wli'g'i'n, ideyali'q ku'shin qaraqalpaq poeziyasi'na birinshi boli'p jetkergen shayi'r boldi'.

A.Muwsaev Berdaq shayi'rdi'n' shi'g'armalari'n qi'ssa qi'li'p woqi'g'an. Ha'tteki, Berdaq shayi'rdi'n' «Aydos baba», «Yernazar biy», «A'dil qalmaq» ha'm baska da poemalari' ha'm qosi'qlari' Ayapbergen shayi'rdan jazi'p ali'ng'an. Solay yetip shayi'r qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ulli' klassigi Berdaq do'retiwshiliginin' tiykarg'i' ideyali'q-ko'rkemlik wo'zgesheliklerin u'yrengen ha'm sheber wo'zlestirgen.

Ha'r qanday ulli' shayi'rlar tek g'ana wo'z milletinin' ma'deniy miyrasi'n u'yreniw ja'ne wo'zlestiriw menen sheklenbeydi. Al, wolar ko'plegen xali'qlardi'n' a'debiyatlari' menen tani'sadi' ha'm basqa da milletlerdin' ma'deniy bayli'g'i'nan wo'zinin' jekke talg'ami' boyi'nsha wo'z xalki'ni'n' ma'plerine, da'wir talaplari'na juwap beretug'i'n shi'g'armalardi' qabi'l yetedi.

XVIII a'sirdin' aki'ri' ha'm XIX a'sirdin' baslari'nda Nizamiy, Saadiy, Djamiy si'yaqli' ulli' klassiklerdin' ko'plegen shi'g'armalari' parsi'-ta'jik tilinen

wo’zbek tiline awdari’lg’an. Bulardan geyparalari’ Qaraqalpaqstang’a da taralg’ani’ ma’lim. Usi’ da’wirde qaraqalpaq shayi’rlari’ Firdawsiydin’ «Shaxnama»si’n qaraqalpaq tiline awdarg’an. Usi’ «Shaxnama» da’stani’n Ayapbergen shayi’r wo’z qi’ssaxanli’q repertuari’na sali’p atkarg’an.

Sonday-aq A.Muwsaev wo’z da’wirinin’ sawatli’, aldi’n’g’i’ qatari’ adami’ bolg’anli’qtan, wol Firdawsiy, Nizamiy, Nawayi’, Mashrab, Saadiy, Fizuliy, Maqti’mquli’, Mollanepes, Andalip ha’m basqa da shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’n woqi’w mu’mkinshiligine iye bolg’an. Bul ulli’ woyshi’llardi’n’ do’retiwshiligi A.Muwsaevti’n’ wo’zindegi ta’biyg’i’y talantti’n’ woyani’wi’na, woni’n’ duri’s bag’darg’a tu’sip, alg’a rawajlani’wi’na ta’sir yetken.

A.Muwsaevti’n’ ustazlari’ni’n’, zamanlaslari’ni’n’ biri Begim baqsi’ Ko’shim uli’ boli’p yesaplanadi’. Begim sol yelatti’n’ baqsi’si’ ha’m kishigirim shayi’ri’ si’pati’nda tani’lg’an. Wol diyxanshi’li’q penen shug’i’llansa da wo’mirinin’ ko’pshilik bo’legin baqsi’shi’li’qqa sarp yetken. A.Muwsaev wo’z ustazi’ni’n’ shayi’rli’q wo’nerin tez waqi’tti’n’ ishinde wo’zlestirgen. A.Muwsaevti’n’ shayi’r boli’p qa’liplesiwine ku’shli ta’sir jasag’an yekinshi adam- Molla İskender boli’p yesaplanadi’. Wol shayi’rdi’n’ yen’ jaqi’n ag’ayinlerinin’ biri boli’p, ka’sibi diyxanshi’li’q, wo’nermentshilik, mollashi’li’q bolg’an. Biraq wol xali’qqa qi’ssaxan, ka’tip ha’m shayi’r si’pati’nda tani’lg’an.

Shayi’rdi’n’ Molla İskenderdi ustazi’m dep hu’rmetlegeni wo’zinin’ shi’g’armalari’nan da ani’q ko’rinedi. Wol wo’zinin’ «Molla İskenderge» degen qosi’g’i’n jazg’an:

İltimasi’m bardur, molla İskender,
Ishqi’ aqli’ atashi’, sensen’ Samender,
Anda bolsan’ biz paqi’rg’a xat jiber,
Dep jali’na jazdi’m ishkista sa’lem.

Shayi’r bunda molla İsknederdi gu’lla’n ashi’qlardi’n’ ju’regine wot taslawshi’ fantastikali’q qus-Samenderge ten’eydi. Demek, wol ko’plegen liroepikali’q da’stanlardi’ woqi’p, jas jigit-qi’zlarda ashi’qli’q woti’n tutandi’rg’an.

Sonli’qtan shayi’r usi’ni’ na’zerde tuti’p, İskenderdi «ashi’qlardi’n’ woti’san-Samendersen’» dep ataydi’.

A.Muwsaevti’n’ shayi’r boli’wi’na ustazli’q yetken zamanlaslari’ni’n’ biri XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ baslari’ndag’i’ belgili qaraqalpaq shayi’ri’ Qulmurat Qurbanali’ uli’ boli’p yesaplanadi’. Woni’n’ ka’sibi diyxanshi’li’q bolg’an. Qulmurat shayi’r jigit waqi’tlari’nan baslap qosi’q jaza baslag’an. Wol wo’z shi’g’armalari’nda yeldegi ten’sizlikti, a’dalatsi’zli’qti’, insapsi’zli’qti’ ji’rlag’an.

Jas talant iyesi A.Muwsaev wo’z ustazi’ni’n’ do’retiwshiliginin’ yen’ jaqsi’ ta’replerin teren’ wo’zlestirdi. Qulmurat shayi’r da wo’z sha’kirtinin’ shayi’rli’q wo’nerinin’ arti’qmashli’g’i’n duri’s tusindi ha’m woni’n’ kelesheginen u’mit yetti. Sonli’qtan wol sha’kirtine wo’zinin’ geypara shi’g’armalari’n redaktorlaw ushi’n isenip tapsi’rdi’. Ma’selen Qulmurat shayi’rdi’n’ «Begdin’ ko’k ati’» qosi’gi’ shayi’r ta’repinen qayta islenip xali’qqa tarati’ldi’.

Soni’n’ menen birge A.Muwsaev qaraqalpaq a’debiyati’nda birqansha shayi’rlardi’n’ ustazi’ si’pati’nda da tani’ldi’. «Birinshi qaraqalpaq jazi’wshi’lari’ A’bdiraman Wo’tepov, Asan Begimovlar wo’zlerin A.Muwsaevti’n’ sha’kirtleri dep yesaplaydi’»[1]. Wolar A.Muwsaevti’n’ jardemi arqali’ qaraqalpaq ayai’zeki xali’q do’retiwshiligi ha’m klassik shayi’rlardi’n’ sarki’lmas g’a’ziyneleri menen tani’sti’.

A’.Wo’tepov, A.Begimov, X.Axmedovti’n’ da’slepki shi’g’armalari’ xali’k shayi’ri’ni’n’ tikkeley ta’sirinde jazi’ldi’. Shayi’r wolarg’a za’ru’rli ken’esler berip turdi’ ha’m sheberliktin’ si’rlari’n u’yretti. Sonli’qtan wolardi’n’ barli’g’i’da A.Muwsaevti’ wo’zimizdin’ birinshi ustazi’mi’z dep yesapladi’.

X.Axmetov wo’zinin’ bir qosi’g’i’nda:

Ayapbergen ulli’ shayi’r,
Shayi’rli’gi’n’ xali’qqa qayi’r,

[1] Ахметов С.Қарақалпақ поэзиясы. Нөкис, 1988 ж, 23-бет.

dep jazi’p ustazi’na teren’ hu’rmet ha’m minnetdarshi’li’q bildirdi. A.Muwsaev jas jazi’wshi’larg’a tek a’piwayi’ ustaz boli’p g’ana qoymastan, wol wo’z na’wbetinde wolardan da a’dewir na’rselerdi u’yrendi. Sebebi yeseygen adamlarg’a qarag’anda jaslar zamani’ni’n’ ruwxi’n, turmi’sta yenip ati’rg’an wo’zgerislerdi, ha’r ki’yli’ jan’ali’qlardi’ tez qabi’llag’i’sh ha’m wolarg’a iykemlemkish keledi. Solay yetip A.Muwsaev wo’zine zamanlas shayi’r, baqsi’, qi’ssaxan ji’rawlardan a’dewir na’rselerdi u’yrendi. Bul woni’n’ turmi’sqa ko’z-qarasi’n, ma’deniy bilim da’rejesin artti’rdi’.

A’debiyatshi’ Q.Bayniyazovti’n’ joqari’da ati’ atalg’an miynetinin’ yekinshi bo’limi «Ayapbergen Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stili» dep ataladi’. Bul bo’limde tiykari’nan avtor A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stiline ken’nen toqtaydi’ ha’m ilimiy jaqtan analiz beredi. Ja’ne de shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik wo’zgesheligi, tili, shayi’r shi’g’armalari’nda basqa tillerden kirgen so’zlerdin’ qollani’li’wi’ ha’m ko’rkem su’wretlew qurallari’n paydalani’wi’ so’z yetiledi.

Jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshiligi, woni’n’ jeke adamgershilik qa’siyetleri, qaytalanbaytug’i’n turmi’s ta’jiriybesi, du’nyag’a ko’z-qarasi’, ma’deniy bilim da’rejesi, talanti’ni’n’ ku’shi menen tikkeley baylani’sli’ boladi’. Usi’nday jeke belgileri woni’n’ shi’g’armalari’nda ayqi’n baykaladi’ ha’m yekinshi bir avtordan ayi’ri’li’p turadi’.Turmi’s materiallari’na qatnas jasaw ha’m bahalaw, syujet quri’w, xarakterlerdi tan’laya ja’ne wolardi’n’ obrazlari’n ko’rkem so’zler arkali’ sa’wlelendiriwde jazi’wshi’ni’n’ jeke hawazi’, bayanlaw usi’li’ ani’q seziledi. Sonli’qtan shi’g’armani’n’ barli’q elementlerinde, woni’n’ pu’tkil kompoziciyali’q quri’li’si’nan baslap ayi’ri’m ten’ewlerine shekem jazi’wshi’ni’n’ jeke do’retiwshilik wo’zgesheliklerinin’ izi qaladi’.

Qaraqalpaq xali’q shayi’ri’ A.Muwsaevti’n’ jeke stili 1917-ji’llardan buri’n-ak qa’liplesti. Ha’r qanday ko’rkem so’z sheberi si’yaqli’ A.Muwsaev ta wo’zinin’ jeke hawazi’na an’satli’q penen yerise almadi’. Wol a’dewir waqi’tqa shekem yeliklew, u’yreniw, izleniw processin bastan keshirdi.

A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q ku’shin tani’tkan da’slepki qosi’qlari’ni’n’ biri «Yaranlar» shi’g’armasi’ boli’p tabi’ladi’. Bul qosi’q ani’q bir waqi’yag’a baylani’sli’ shayi’r uli’wmalasti’ri’w arqali’ jalpi’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’na tan jag’daylardi’ su’wretleydi. A.Muwsaevti’n’ qaysi’ qosi’g’i’n woqi’saq ta, wolardi’ belgili bir adamni’n’ bastan keshirgen waqi’yalari’n sa’wlelendiredi. Wolardi’n’ barli’g’i’ derlik wo’zlerinin’ haqi’yqat atlari’, minez-quli’qlari’ menen ani’q ko’rsetiledi. Usi’nday qa’siyetleri boyi’nsha shayi’rdi’n’ satiralari’ feletonli’q, maqtaw-ta’repleri ocherklik ha’reketlerge iye. Shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ tiykarg’i’ qaharmanlari’ - wo’zi biletug’i’n zamanlaslari’ boli’p yesaplanadi’.

Begler, ta’riyp yetsem Qutli’muratti’,
Xalki’ u’shtamg’ali’, hasli’ qi’yatti’,
Yetektey yel gezip, uralar lapti’,
Ta’riypin bayan yetsem yaranlar.

Usi’ qatardi’n’ wo’zinde-aq woqi’wshi’ qaharmanni’n’ haqi’yqat ati’, jasag’an jeri, ruwi’, tiyresi ha’m minez-qulqi’ni’n’ basli’ bir wo’zgeshelikleri menen tani’sadi’. Shayi’r bunnan keyin Qutli’muratti’n’ qi’lwalari’n izbe-iz bayan yetedi. Yeger shayi’r buri’n jazg’an qosi’qlari’nda personajdi’n’ ha’reketlerin sol turi’si’nda wo’zgertpesten su’wretlep, naturalistlik usi’l menen sheklense, bul qosi’gi’nda pu’tkilley do’retiwshilik principti qollani’ladi’.

Qutli’murat tekte a’piwayi’ adam yemes. Wol belgili socialli’q gruppani’n’ wa’kili. Woni’n’ minez-qulqi’nda yeski unamsi’z qa’siyetler ja’mlengen.

Shayi’r ko’p hayal ali’wshi’larg’a qarsi’ gu’resedi, al wolardi’n’ so’z salg’an qi’zlari’n, i’shki’ ketken go’zzallari’n nami’si’n qorg’ap qaladi’, sonli’qtan wol satirani’n’ wotli’ jali’ni’n muhabbati’n qa’dirin bahalay almaytug’i’ng’a qaratadi’. Usi’nday maqset penen shayi’r «Yaranlar» qosi’g’i’nda Qutli’muratti’n’ shermendesin shi’g’aradi’, Sayatxanni’n’ obrazi’n guresshen’ yetip jasaydi’, al Na’biyra degen sarko’lshi qi’zdi’ ja’birlengen, aldang’anlardi’n’ biri si’pati’nda «Biyshara nashar» dep ataw menen sheklenedi.

«Qi’z alami’san’ u’stime yendi menin’ u’stime?
Qaramaysan’ wo’zin’ ba’lent-pa’stin’e.
Netsem bolar senin’ qi’lg’an qasti’n’a?!»-
Deyip, anni’ jerge urdi’, yaranlar.

Bulardi’n’ ha’mmesi Sayatxanni’n’ qoli’nan keletug’i’n yerlik is yemes, shayi’rdi’n’ ko’rkem woy ta’repinen jasag’an ideal qaharmanni’n’ wo’z muhabbati’n qorg’ap qali’w ushi’n ko’rsetken qarsi’li’gi’. Sayatxan wo’z u’stine hayal ali’wg’a ishinen narazi’ boli’wi’ mu’mkin, biraq wol Qutli’muratti’ qorqi’ti’p, aytqani’nan shi’g’armay ani’q turmi’s ko’rinislerine (faktlerine) sa’ykes kelmeydi. Haqi’yqati’nda Sayatxan Qutli’muratti’ yemes, kerisinshe, Qutli’murat Sayatxandi’ ju’ndey qi’li’p sabaytug’i’n bolg’an. Wol aqi’ret azaptan quti’li’w ushi’n yerinin’ wo’z u’stine basqa birewdi ali’wi’na i’razali’q bergen. Sayatxanni’n’ bul ha’reketi avtordi’ qanaatlandi’rmadi’. Shayi’r woni’n’ xarakterindegi jetispeytug’i’n belgini basqa hayallardan izlep tapti’ ha’m jeke basi’ni’n’ azatli’g’i’ muhabbati’ ushi’n gu’resiwshi basqa bir tip. Qutli’muratti’n’ hayali’na uqsag’an basqa bir bati’r Sayatxanni’n’ xarakterin jasap shi’qti’.

A.Muwsaev obraz do’retiwdin’ bul si’ri’n ayki’n tu’sindi. Shayi’r XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ yen’ jaqsi’ qa’siyetlerin Sayatxan obrazi’nda beriwge ha’reket yetti.

Qaraqalpaq folklori’, klassik shayi’rlari’ni’n’ a’jayi’p tradiciyalari’n sadi’qli’q penen dawam yetiwshi A.Muwsaev wo’zinin’ maqtaw ta’riyplerinde hayal-qi’zlardi’n’ go’zzalli’g’i’n ko’kke ko’terip ji’rladi’, wo’z ten’ine qosi’lg’anlardi’ qutli’qladi’, al ari’wlardi’ tek waqi’tsha ta’n ha’zliginin’, ayshi’w-a’shirettin’ predmeti dep qarap, buzi’qli’q penen shug’i’llani’p ju’rgenlerge wol barli’q adamgershilik ha’m shayi’rli’q ku’shi menen qarsi’ shi’qti’. Wolardi’ a’shkaralaw avtordi’n’ tiykarg’i’ ideyali’q-ko’rkemlik wazi’ypasi’ boldi’. Shayi’r bul adamgershilikke jatpaytug’i’n jat qa’siyetlerdi wo’zinin’ «Kemal» qosi’g’i’nda su’wretlep beredi.

«Begler, ta’riyp yetsem molla Kemaldi’,

Kewlinde ha’r tu’rli qi’yali’ bardur,
Qasi’ qa’lem kibi, ju’zi hilali’,
Aysha, Patma degen nigari’ bardur.»

Qosi’qta shayi’r personajdi’n’ socialli’q shi’g’i’si’n bayanlaydi’, ja’ne woni’n’ buzaqi’ yekenin ko’rsetip beredi. Sebebi, «qi’yal» so’zi kelbetlikler, sanli’qlar, almasi’qlar menen qatar qollang’anda ko’binesen unamsi’z ma’nini an’latadi’. Sonli’qtan woqi’wshi’ «Kemaldi’n’ kewlinde ha’r tu’rli qi’yal bar» degen qatarlardi’n’ wo’zinde-aq woni’n’ turaqsi’z adam yekenin sezedi. Qasi’n qa’lemge, ju’zin jan’a tuwg’an ayg’a ten’ew ja’ne «nigar» dep ataw – unamli’ qa’siyettegi hayal-qi’zlarg’a miyassar ko’rkemlew qurallari’.

Meshit salar bina qi’li’p gu’z bolsa,
Ja’njel salar igiri ayti’lg’an so’z bolsa,
«Yeri wo’lip, qayti’p kelgen qi’z bolsa,
Ali’p kelsem»,-degen qi’yali’ bardur.

Ko’rkem shi’g’arma aji’rati’lmas bir pu’tinlikke iye. Shayi’r wo’z pikirin kem-kemnen rawajlandi’ri’p baradi’. Yeger wol qosi’qti’n’ da’slepki kupletinde personajdi’n’ socialli’q shi’g’i’si’, semyali’q jag’dayi’, minez-qulqi’ menen azlap tani’sti’rsa, son’g’i’ kupletlerinde buzaki’ni’n’ qi’lwalari’n ani’qlasti’ri’p beredi. Kemaldi’n’ ha’reketleri, so’zleri unamsi’z adamni’n’ xarakteri jasaladi’. Shayi’r avtor so’zi menen personajdi’n’ so’zine ten’dey ideyali’q-ko’rkemlik wazi’ypa ju’kleydi, avtordi’n’ wo’zi satirali’q qaharmanni’n’ tili menen so’yleydi. «Sonli’qtan «igrige», «naduri’s so’z ma’nisinde» dep tu’sinik berip, «Ja’njel salar naduri’s ayti’lg’an so’z bolsa»,-dep qabi’llasan’, shayi’rdi’n’ bul ug’i’mg’a ju’klegen ideyali’q-ko’rkemlik wazi’ypasi’n yesapqa almag’an bolami’z. Sebebi, ko’rkem shi’g’armadag’i’ anaw yamasa mi’naw so’zdi, so’z dizbeklerin ha’rippe-ha’rip awdari’wg’a bolmaydi’, wolardi’n’ ma’nisi shi’g’armani’n’ ko’rkemlik

tiykari’ menen tutasi’p jatadi’. Bul jerdegi «igri-naduri’s», «du’ziw yemes»-unamsi’z qaharmanni’n’ so’zi»[1] - deydi ilimpaz Q.Bayniyazov.

Shi’g’armani’n’ stili avtordi’n’ alg’a qoyg’an maqseti menen belgilenedi. Shayi’r din iyesinin’ xarakterin beriw ushi’n wolardi’n’ so’ylew tilinen wori’nli’ paydalanadi’. Mollani’n’ ku’nde ayti’p qalg’an u’yrenshikli so’zleri woni’n’ obrazi’n jasaw ushi’n xi’zmet yetedi.

Avtor a’piwayi’ xali’qti’n’ so’ylew tilindegi so’zlerdi de dinshillerdin’ leksikasi’na muwapi’q formada  ma’selen, «So’zlayi’p-so’ylep», «go’zlayi’p-go’zlep», «izleyip-izlep» si’yaqli’ yetip qollanadi’.

Yeger «Yaranlar» shi’g’armasi’nda shayi’rdi’n’ ko’rkem woyi’ a’dewir a’hmiyetli wori’ndi’ iyelese, shayi’rdi’n’ «Kemal» qosi’g’i’ turmi’s faktlari’n tiykari’nan sol turi’si’nda beriwi menen xarakterlenedi. Avtor qaharmanlardi’n’ xarakterlerine qarap ha’r tu’rli a’debiy usi’llardan paydalanadi’.

A.Muwsaev do’retiwshiliginin’ ko’pshilik bo’legin ta’riyp iyelep, bul janrda da wol tiyisli u’les qosti’. Shayi’r 1917-ji’llarg’a shekemgi qosi’qlari’nda tiykari’nan aqi’lli’ qi’zlardi’ maqtadi’. Wol qaraqalpaq awi’zeki xali’q do’retiwshiliginin’, klassik shayi’rlari’ni’n’ unamli’ da’stu’rleri dawam yetti ha’m alg’a rawajlandi’rdi’. Xali’q naqi’l-maqallari’n, tradiciyali’q ko’rkemlew qurallari’n ken’ tu’rde isletti. Bul shayi’r ta’riyplerinin’ ideyali’q-ko’rkemlik tiykari’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ maqtaw janri’ni’n’ organikali’q birikpesi boli’p ketti.

Shayi’r satirali’q qosi’qlari’nda aqi’lli’, suli’w hayal-qi’zlardi’n’ yen’ jaqsi’ qa’siyetlerin bir-eki qatar menen ko’rsetip, wolardi’n’ kelbetin tani’sti’rsa, ta’riyplerinde ken’ tu’rde sa’wlelendirilgen toli’q portretin usi’ndi’:

«Senin’ ta’riypin’di xatqa yazmali’,
Aytqan so’zin’ sheker-paldan mazali’,
Shahni’n’ qi’zi’-shahzadadan ibali’,
Gu’l ju’zlerin’ mahitabana keldi.

[1] Байниязов Қ. А.Муўсаевтың шайырлық стилиниң ўөзгешеликлери. Нөкис, 1972 ж. 35-бет.

Gu’l ju’zin’ ko’rmege qurshi’ydi’ anwar,
Qaran’g’i’ kesheni a’yler munawwar,
Zarabshan shashlari’n’, kirpigin’ qanjar,
Qi’yi’lg’an qaslari’n ka’mana keldi.

Shayi’r qi’zdi’n’ ju’zin qaran’g’i’ tu’ndi jaqti’ri’wshi’ a’nwarg’a, shashlari’n alti’ng’a, kirpiklerin wo’tkir qanjarg’a, qaslari’n woq jayg’a ten’eydi. Bul buri’nnan ma’lim tradiciyali’q troplar, xali’qqa tu’sinikli ko’rkemlew qurallari’. Wo’ytkeni «Mahitaban» - «tolg’an ay», «a’nwar», «en’ nurli’», 2ju’da’ ra’wshan», «munavvar-ra’wshan», «jaqsi’, «zarabshan», «alti’n jalatqan», «jarqi’rati’wshi’», «ka’man-oqjay», «ga’rdan-moyi’n» h.t.b. qaraqalpaqti’n’ tu’pkilikli wo’z so’zleri bolmasa da, tu’rkmen, wo’zbek, qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ muhabbat lirikalari’nda, liro-epikali’q da’stanlarda jiyi ushi’rasadi’. Sonli’qtan shayi’r arab, parsi’, wo’zbek, tu’rkmen tillerindegi zamanlaslari’ni’n’ tani’s so’zlerden wori’nli’ paydalandi’ ha’m wo’zinin’ poetikali’q leksikasi’n bayi’ti’p bardi’.

Su’mbil shashi’n’ ga’rdani’n’a sholasar,
Tilla ha’ykel wo’z ko’ksin’e jarasar,
Kiygen toni’n’ patshayi’day shi’n hasi’l,
Ko’rgenler aqi’li’ hayrana keldi.

Soni’n’ menen birge shayi’r xalqi’mi’zdi’n’ so’ylew tilinen de sheber paydalang’an. «Kiygen toni’n’ patshayi’day shi’n hasi’l»-shayi’r jasag’an zamanni’n’ yen’ xarakterli so’zleri. Sebebi «ton» tek «posti’n» degendi g’ana an’latpag’an, al uli’wma «kiyim» degen ma’nini bildirgen. Shayi’r «ton» so’zinin’ awi’spali’ ma’nisin wori’nli’ paydalang’an.

Won beste qi’z boli’p keldin’ kamala,
Ko’rgenler ah shegip qaldi’lar nala,
Bir nesheler ashi’q boli’p g’aybana,
La’yli-ma’jnu’n kibi qi’yala keldi.

Bul qosi’qta shayi’r yeski tu’rkiy a’debiy tilinin’ poetikali’q leksikasi’n ken’nen qollani’w menen birge, woni’n’ grammatikali’q formalari’n da

paydalang’an. Bari’s seplewinde turg’an «kamalg’a», «qi’yalg’a» so’zlerinde «g’» sesi qaldi’ri’li’p «kamala», «qi’yala» tu’rinde berilgen.

Sen ha’m bu’lbil yedin’ gu’l shaqi’si’nda,
Wol bir zag’an yedi ko’l yaqasi’nda,
Japalaq an’ tutpas qasi’nda,
Bul bir so’z bul jerde ti’msala keldi…

Ha’r Kim wo’z da’wirinde G’a’rib-Shaxsa’nem,
Wo’tti bul du’nyadan G’a’rip-jan bilen,
Ha’r kim ten’in tapi’p, woyni’yi’p ku’len,
Gu’l bilen Bulbildek jawlana keldi.

Bul yeki qatardi’ sali’sti’rsaq gu’l ha’m bu’lbil so’zi yeki tu’rli ma’nide berilgenin ko’remiz.

Da’slepki kuplete Gu’l-Bu’lbil qus, wo’simlik ati’, simvolikali’q su’wretlew qurali’ bolsa, son’g’i’ kuplete tuwra ma’nisinde-tu’rkmen klassik shayi’ri’ Shabandenin’ «Gu’l-Bu’lbil» da’stani’ni’n’ basli’ qaharmanlari’ boli’p tabi’ladi’. Demek, shayi’r bir so’zdin’ wo’zin ha’r qi’yli’ maqsette paydalang’an ha’m wog’an ha’r tu’rli ideyali’q-ko’rkemlik wazi’ypani’ atqara alg’an. Shayi’r tu’pkilikli wo’z so’zlerimizdi de yeski tu’rkiy a’debiy tiline jaqi’nlasti’ri’p paydalang’an. Ma’selen, «yaqa»-«jag’a», «bilen»-«benen», «tapi’p»-«tawi’p», «oynayi’p»-«oynap», «ku’len»-«ku’lgen», «bilmen»-«bilmeymen», «erur»-«edi», «japi’rag’i’ndek»-«japi’rag’i’nday», «sebebidin»-«sebebinen» h.t.b.

«Sen andi’n’ tamizkar a’dep-hayadan,
Tillerin’ shiyrindur bu’lbilgo’yadan,
Ju’z yese ziyada Raziyadan,
Ba’lki saqi’yli’g’i’n’ ziyada keldi».

Bul qatarlarda bu’gingi kitap woqi’wshi’lar ja’miyetshiligine «taizkar», «haya» so’zleri tu’siniksiz boli’wi’ mu’mkin. Shayi’r bulardi’ yeski tu’rkiy a’debiy tilinen wo’zlestirgen: «tamiz»-aqi’l, woy, seziw, qi’yal, ugi’mi’nda boli’p, «kar»

suffiksinin’ qosi’li’wi’ menen aqi’lli’, woyli’, ziyrek ma’nilerin an’latkan, al «haya»-uyat, ar, nami’s ma’nisinde boli’p, «biyhaya» formasi’ (uyatsi’z, a’depsiz) xalqi’mi’zdi’n’ so’ylew tilinde usi’ ku’nge shekem saqlani’p kiyati’r.

A.Muwsaev wo’zinin’ ustazi’ Berdaq G’arg’abay uli’ni’n’ a’jayi’p da’stu’rinin’ wo’zinin’ do’retiwshiliginde rawajlandi’rdi’. Berdaq shayi’r «Kelin» shi’g’armasi’nda aqi’lli’ ha’m go’zzal kelinshektin’ kelbetin su’wretleydi ha’m woni’n’ yesikke tu’skennen keyingi ayani’shli’ turmi’si’n bayanlap wog’an wo’zinin’ dosli’q ken’esin beredi. Al, A.Muwsaev wo’zinin’ «Kelin» qosi’g’i’nda Gu’ljanni’n’ suli’wli’g’i’n, adamgershilik belgilerin su’ysine ji’rlaydi’. Shayi’r qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ni’n’, klassik shayi’rlardi’n’ yen’ jaqsi’ ko’z-qaraslari’n qabi’l yetti ha’m «Kelin» qosi’g’i’ni’n’ qaharmani’n joqari’ ta’riypleydi.

Ash beline tu’ser zulpi’ni’n’ tari’,
Gu’l yu’zleri wol ha’miyshe ba’ha’ri,
Ha’zireti Yusuptin’ su’yikli yari’-
Zu’la’yhag’a megzer wo’tken bayag’i’.

Solay yetip A.Muwsaev awi’zeki xali’q do’retiwshiliginin’ klassik shayi’rlardi’n’ su’wretlew qurallari’n qaharmanni’n’ xarakterine, si’n-si’mbati’na qaray wori’nli’ paydalang’an. Ma’selen, «Yusup-Zu’leyha» da’stani’ni’n’ basli’ qaharmani’ boli’p, wol Kenan sha’ha’rinin’ patshasi’ Yakubti’n’ balasi’ Yusupke ashi’q boladi’. Bul waqi’tta Zu’leyha a’dewir jasqa barg’an hayal bolg’an. Solay bolsa da wol jasli’q shi’rayi’n, ko’rik-si’mbati’n buzbag’an, qi’zdan da go’zzali’raq periyzat bolg’an. Usi’nday arti’qmashi’li’qlari’ na’tiyjesinde yen’ son’i’nda wol jas jigit Yusupti’n’ wo’mirlik joldasi’ boli’wg’a yerisken. Shayi’r Uljanni’n’ jas wo’zgesheligin yesapqa ali’p, woni’ Shaxsa’nemge, Hu’rlixag’a, La’ylige, Zuxrag’a ha’m basqa da qi’zlarg’a sali’sti’rmaydi’, al buri’n turmi’sqa shi’qqan ha’m biraz jasqa bari’p qalsa da anaw yamasa mi’naw qi’zlardi’n’ ko’bisinen go’zzalli’raq Zu’layhag’a megzetedi. Bul avtordi’n’ ha’r bir ta’riypinin’ ideyali’q-ko’rkemlik maqsetine muwapi’q stildi duri’s taba alg’ani’n ko’rsetedi.

Belleri miyana, gunsha dahami’,
Tili woni’n’ shiyrin, paldan zibani’,
Won to’rt qi’z-ug’lannan ibali’,
Jarasi’qli’ ha’ykel, wo’n’ir monshag’i’.

Shayi’r maqtaw janri’ni’n’ ko’rkemlew wo’zgesheliklerin sheber paydalang’an. Wol qaharmanni’n’ ju’yrek tulparg’a, alg’i’r sun’qarg’a, awi’zi’n-gunshaga, tilin-shiyrin palg’a ten’ep, woni’ won to’rt jasar qi’zdan da suli’wraq yetip su’wretleydi.

Yeski tu’rkiy a’debiy tilinde «miyan»-«orta», «ziban»-«til», «dahal»-«parsi’ tilinde «awi’z» ma’nisinde qollani’lgan. Shayi’r bul so’zlerdin’ formasi’n azi’raq wo’zgertip paydalang’an. Yeger wol jas, qi’zdi’ «bir qi’ldan yin’ishke beli shul qi’zdi’n’» dep su’wretlese, jigirma beske jaqi’nlasqan kelinshektin’ «belleri miyana» (ortasha),-dep ko’rsetedi. Bul shayi’rdi’n’ wo’z qaharmanlari’ni’n’ jas wo’zgesheliklerine muwapi’q ko’rkem bayanlawdi’ sheberlik penen islete alg’ani’n da’liylleydi.

## 2.2. SHAYIRDIN’ STİLLİK WO’ZGESHELİGİ MA’SELESİ

Jazi’wshi’ni’n’ siyasiy-ja’miyetlik, estetikali’q, filosofiyali’q ko’z-qaraslari’ belgili bir tariyxi’y da’wirde qa’liplesedi ha’m rawajlanadi’. Ulli’ rus jazi’wshi’lari’ Belinskiy, Gercen, Dobrolyubov, Nekrasovlardi’n’ individual stilleri XIX a’sirdegi rus xalki’ni’n’ milliy-azatli’q gu’reslerinin’ ta’sirinde qa’liplesti. Soni’n’ ushi’n da wolar wo’z shi’g’armalari’ni’n’ atlari’n «Kim ayi’pli’?» (Gercen), «Rusta kim jaqsi’ turadi’?» (Nekrasov), sorawli’ formada qoyi’p, ja’miyetshiliktin’ pikirlerin yen’ a’hmiyetli ma’selelerge awdari’p bardi’. Bunday mi’sallardi’ biz qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’nda da ko’riwimizge boladi’. Ma’selen, «Ku’n qayda?», «Nege kerek?», (Ku’nxoja), «Qashan ra’ha’tlanadursan’?» (Berdaq), «Ne payda?» (Womar) si’yaqli’ sorawlardi’ wortag’a tasladi’.

A.Muwsaev wo’z ustazlari’ bolg’an qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ do’retiwshilik da’stu’rlerin qabi’l yetti ha’m zamanni’n’, jarli’ diyqanlardi’n’ tilegine muwapi’q jan’a sorawlardi’ woylap tapti’, wolarg’a xali’q penen birlikte juwaplar izlestirdi. Shayi’r «Qayda?» qosi’g’i’nda «Bay jarli’ni’ bir ko’z benen ko’retug’i’n a’dalatli’ xan barma?»,-dep soraw qoysa, «Senin’» shi’garmasi’nda «A’dil to’re, joqti’ sultan»,-dep ashi’q juwap qaytaradi’.

Shayi’r «Ko’lge qash», «Ko’lge qash, Qaljan, ko’lge qash» qosi’qlari’nda wo’zlerin sawashtan biyta’rep tuti’p, tek qara basi’ni’n’, hayal, bala-shag’asi’ni’n’ amanli’g’i’n g’ana woylaytug’i’n ayi’ri’m adamlardi’ qorqaqlardi’ a’shkaralaydi’.

A’debiyatshi’ N.Japaqovti’n’ bul «ekewi bir shi’g’arma yamasa birinshisi basi’, yekinshisi dawami’ dew de duri’s bolar yedi»[1] degen pikirine qosi’lmaymi’z. Sebebi «Ko’lge qash» - qi’yat, abas Maqtumquli’ni’n’ «Ko’lge qash, Qaljan, ko’lge qash»-qi’yat, qarjawbaras Yakup maqsi’mni’n’ ati’nan shi’g’ari’lg’an ha’m wolar qosi’q quri’li’si’ boyi’nsha da biri yekinshisine usamaydi’»[2], adamlardi’n’ jeke basi’ni’n’ azatli’qqa shi’g’i’wi’n ji’rlawdan ibarat. Shayi’r 1917-ji’llardan buri’ng’i’ qosi’qlari’n bir adamni’n’ basi’nan keshken ayi’ri’m turmi’s epizodi’na quri’p, poetikali’q juwmaq jasasa, bunda, kerisinshe uli’wma waqi’yalardan son’ g’ana ayi’ri’m adamlardi’n’ basi’nan keshirgenlerin bayanlaydi’. Wo’ytkeni shi’g’armag’a mazmun bolg’an turmi’s faktleri ha’m avtordi’n’ woy-maqsetleri usi’nday do’retiwshilik usi’ qollani’wdi’ talap yetedi.

«Tariyx bir mi’n’i’ u’sh ju’z woti’z u’shinde,
Zaman-ha’r ta’repke do’ne basladi’,
Jurt ji’lasi’p Nikolaydi’n’ tusi’nda,
Ha’r tu’rli ki’si’wmet ko’re basladi’».

1333-hu’jriy ji’li’ ha’zirgi ji’l yesabi’ni’n’ 1914-1915-ji’llari’na sa’ykes keledi. Bul da’wirde imperialistlik ma’mleketler arasi’nda du’nyani’ qayta bo’liw

[1] Жапақов Н. А.Муўсаевтың творчествосы. Нөкис, 1964 ж. 71-бет.
[2] Байниязов Қ. А.Муўсаевтың шайырлық стилиниң ўөзгешеликлери. Нөкис, 1972 ж. 67-бет.

ushi’n gu’res ku’sheygen yedi. Soni’n’ saldari’nan 1914-ji’ldi’n’ avgust ayi’ni’n’ basi’nda birinshi jer ju’zlik uri’s baslani’p ketti.

A.Muwsaev xali’qlardi’n’ sanasi’nda awi’r iz qaldi’rg’an usi’nday tariyxi’y waqi’yalardi’ su’wretlewden baslaydi’. Xali’qlar patshali’qqa narazi’li’g’i’n, mawasag’a kelmeytug’i’n qarama-qarsi’li’g’i’n ha’m jek ko’riwshiligin ashi’q tu’rde ko’rsetti. «Qi’si’wmet ko’riw» so’zleri 1941-1956-1960-ji’lg’i’ A.Muwsaevti’n’ shi’g’armalari’ ji’ynaqlari’nda ha’m basqa da kitaplarda basi’li’p ju’rgen «u’stemge ko’niw» so’zlerine ko’re avtordi’n’ jeke stiline shi’g’armani’n’ leytomotivine wog’ada jaqi’n. Sebebi, «Jurt ji’lasi’p Nikolaydi’n’ tusi’nda, ha’r tu’rli u’stemge ko’ne basladi’»-desek, patshali’qqa qarsi’-kem-kemnen wo’sip barati’rg’an ha’reketlerdin’ bari’si’n duri’s won’g’ara almaymi’z. Avtor xali’qti’n’ ko’niwin yemes, ko’risin, u’stemlikti wo’z qoli’na ali’w ushi’n ju’rgizilgen tu’rde processin su’wretleydi.

«Soldat ber dep musi’lmani’w wori’sqa,
Gubernator buyri’q berdi boli’sqa,
Bir u’yden u’sh adam aydap uri’sqa,
Gedey ji’lap, baylar ku’le basladi’».

«Bir u’yden u’sh adam aydap uri’sqa» qatari’ usi’ waqi’tqa shekem ja’riyalang’an «Jeti u’yden u’sh adam aydap uri’sqa» ga’pinen anag’urli’m ku’shli. Sebebi shayi’rdi’n’ aytajaq woyi’n duri’s jetkeredi. Wol tek musi’lman dinindegi xali’qlardi’ aytpaydi’. Baspag’a tayarlawshi’lar Qaraqalpaqstanda jeti u’yden ma’rdikarg’a bir adam alg’ani’n na’zerde tuti’p, Q.Ayi’mbetov ta’repinen jazi’p ali’ng’an qatarlarg’a wo’zgeris kirgizgen. Bul ha’reket sa’tsiz. Sebebi ma’rdikar ti’lda xi’zmet yetiw ushi’n ali’ng’an ha’m bunnan A.Muwsaev toli’q xabardar bolg’an. Wol soldat ali’wdi’ ba’ne yetip, boli’slardi’n’ baylarga tiymegenin, jarli’ni’n’ wo’zin, inisin, balasi’n da a’skerlikke aydap, usi’ni’n’ saldari’nan «gedeylerdin’ ji’lag’ani’n, baylardi’n’ ku’lgenin» su’wretleydi. Sonday-aq qoljazbadag’i’ «saldat», «ori’s», «gubernator» so’zleri xali’qti’n’ sol da’wirdegi so’ylew tiline sa’ykes keledi.

Soni’n’ menen birge A.Muwsaev mu’mkin bolg’ani’nsha qaraqalpaq tilinin’ bayli’g’i’na su’yengen, jan’a turmi’s haqi’yqatli’gi’n su’wretlewge i’layi’q so’zler so’zlik fondi’mi’zdan tabi’lmag’an jag’daylarda g’ana basqa tillerden so’zlerdi qabi’l yetken.

A.Muwsaev awi’lli’q shorani’n’ sekretari’, son’ predsedateldin’ wori’nbasari’ ha’m sekretari’ boli’p islegen da’wirde is baskari’w ko’binese wo’zbek tilinin’ Xorezm dialektisinde ju’rgizilgen. Buni’n’ ta’siri A’miwda’ryani’n’ sol jag’ali’g’i’ndag’i’, Xorezm repsublikasi’nda jasaytug’i’n qaraqalpaqlardi’n’ tiline tiydi. Wo’ytkeni «muovin» (ori’nbasar), «markaz» (paytaxt), «shaxriazm» (ulli’ sha’ha’r), «lawazi’m» (xi’zmet worni’, minnet, wazi’ypa), «muhtariyat» (avtonomiya) h.t.b. so’zlerinin’ ma’nisin toli’q beretug’i’n qaraqalpaqsha ekvivalent sol waqi’tta so’ylew ha’m a’debiy tilimizde joq yedi. Sonli’qtan shayi’r geypara wori’nlarda basqa tillerden kirgen so’zlerdi qollani’wg’a ma’jbu’r boldi’.

Hu’kimet sorami’-ju’z mi’n’ sha’hri azim,
Ha’r jurtti’n’ wo’zine berip lawazi’m.
Tashkent sorami’nda bizin’ Xorezm,
Xiywa markaz boli’p tura basladi’.

«Shaxriazim», «lawazi’m» so’zleri «Xorezmge» uyqasi’w ushi’n g’ana ali’nbag’an. Shayi’r «hu’kimette ju’z mi’n’ ulli’ qala bar» degen formada beriwi de, qalg’an qatarlari’n sog’an uyqasti’ri’wi’ da mu’mkin. Biraq wo’mirinshe sahrada wo’sken «ku’yik ko’pirden» arjag’i’n ko’re almag’an a’piwayi’ qaraqalpaq diyxani’ ulli’ qalalardi’ ko’z aldi’na ayqi’n yelestire almaydi’. Bul jag’day shayi’rdi’ «Ulli’ qalani’n’» worni’na «shaxri azim» di qollani’wg’a iytermeleydi. «Lawazi’m» so’zi tuwrali’ da usi’ni’ ayti’wg’a boladi’.

Demek tu’rk a’debiy tilindegi siyasiy-adminstrativlik ug’i’mdi’ an’latatug’i’n «lawazi’m» so’zin qabi’l etiw shi’g’armani’n’ mazmuni’na za’ru’rli bolg’an.

«Bola basladi’» shi’g’armasi’ A.Muwsaevta jan’a shayi’rli’q stildin’ qa’lipleskenin ayqi’n ko’rsetti. Usi’ shi’g’armasi’ arqali’ woni’n’ do’retiwshiligi joqari’ basqi’shqa ko’terildi ha’m avtor mi’n’lag’an qaraqalpaq miynetkeshlerinin’

ji’rshi’si’ boli’p tabi’ldi’. Turmi’s haqi’yqatli’g’i’ shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik qa’siyetlerin tag’i’ da bayi’tti’.

«Millet ma’selesi ashi’lgan ku’nler,
Sonda da’rkar yeken bul shiyrin tiller,
Hu’kimetke tag’i’ barg’an wa’killer,
Wo’z ati’na wobuli’s ala basladi’».

Bul A.Muwsaevti’n’ jeke stiline sa’ykes keledi. Kitapta «sezdge qatnasqan wa’killer, ba’ri de xali’qti’n’ ta’g’diyrin so’yler, wo’z aldi’na woblast bola basladi’»-dep wo’zgertiw, birinshiden, avtordi’n’ original hawazi’n yesapqa almaw,ekinshiden, tariyxi’y shi’nli’qti’ burmalaw boli’p tabi’ladi’. Wo’ytkeni shayi’r «Quri’ltayg’a qatnasqan ha’mme wa’killer yemes, al Qaraqalpaqstanli’ wa’killer g’ana usi’ sapari’ wo’z aldi’na woblast atag’i’n ali’p qaytti’»,-deydi.

«Qaraqalpaqti’n’ Seyfulg’a’bit, Worazi’,
Wolardi’n’ qa’dirin bilmes birazi’,
Qon’i’ratqa aylani’p keldi qag’azi’,
Dushpan ji’lap, doslar ku’le basladi’.»

Bul kuplet kitaptag’i’g’a qarag’anda shayi’rdi’n’ jeke stiline jaqi’n. Sebebi «to’rtew boldi’ bul woblastti’n’ woyazi’»,-dew duri’s yemes. Woyaz (uezd)-1917-ji’llarg’a shekemgi adminstrativlik atama. Da’slepki da’wirde «uezd» so’zi ayi’ri’m wori’nlarda qollani’lg’an. Son’i’nan «rayon» dep ju’rgizilgen. «Ayta bersek so’zdin’ bayazi’»,-degen qatarlarda hesh qanday ma’ninin’ joq yekenin da’liyllewdi talap yetpeydi. Seyfulg’abit Majitov, Woraz Yermanovlar jekke adamg’a si’yi’ni’w waqti’nda xali’q dushpanlari’ retinde qaralani’p, Allayar Dosnazarov, A’biw Qudabaev, İbrayi’m Bekimbetovlar menen birge «Bola basladi’»ni’n’ tekstinen atlari’ wo’shirilip taslang’an. A.Muwsaev bul yeki kisini bir neshe ma’rtebe tilge aladi’.

A.Muwsaevti’n’ jeke shayi’rli’q stiline ta’n tag’i’ bir wo’zgeshelik, prototipleri haqi’yqat turmi’sta bolg’an adamlar. Shayi’r qaharmanni’n’ portretin

tikkeley naturadan ko'shiredi ha'm xarakterli qa'siyetlerin sa'wlelendiriwge ha'reket yetedi.

Qaraqalpaqti'n' bosqa qalg'an xabari',
Ma'rt jigittin' keler nami'si'-ari',
Ug'li' Dosnazardi'n' Allahi'yari',
Ma'skew ma'jilisine bara basladi'.

Shayi'rdi'n' «Bola basladi'» shi'g'armasi'ni'n' tiykarg'i' qaharmani'-A.Dosnazarov tariyxi'y adam boli'p, wol pi'ti'ran'qi' tu'rde jasap ati'rg'an qaraqalpaqlardi'n' uli'wma sani'n, sheg'aralari'n ani'qlawda u'lken xi'zmet yetti.

A.Muwsaevti'n' ja'miyetlik a'hmiyetli ha'm a'diwli xi'zmeti sonda, wol qaraqalpaq a'debiyati'nda birinshilerden boli'p, usi' tariyxi'y jag'daylar haqqi'nda ideyali'q-ko'rkemlik jag'i'nan ku'shli qosi'qlar do'retti.

«Shayi'rdi'n' 1924-1925-ji'llari' jazg'an «Bola basladi'» degen tariyxi'y bayanlamasi' woni'n' do'retiwshiliginin' ideyali'q ta'repinin' ja'ne de wo'skenligin ha'm alg'a rawajlani'p barati'rg'ani'n da'liylleydi».[1]

Solay yetip A.Muwsaev usi' tariyxi'y waqi'yalardi'n' a'hmiyetin ko'rkem so'z benen wo'z shi'g'armasi'nda duri's bere bilgen. Shi'g'armani'n' bunnan keyingi jaqlari'nda da sol waqi'ttag'i' basshi' xi'zmetkerlerdin' atlari' ko'rsetilip, wolardi'n' islegen isleri bayan yetiledi. Sonday-aq shi'g'armada a'dewir kemshilikler de bar: tariyxi'y jag'i'nan xali'qlardi'n' shi'g'i'wi'nda ilimiy jaqtan tiykarsi'z yeski tu'siniklerdi qollani'w. Biraq, bir qatar kemshiliklerine qaramastan «Bola basladi'» shi'g'armasi' xali'qti'n' jen'isin ha'm jemisin ko'rkem so'z benen ko'rsetken ku'shli shi'g'arma, tiykarg'i' ideyasi' azat, baxi'tli', jan'a turmi'sti' su'wretlewden ibarat. Sonday-aq shi'g'armani'n' tiykarg'i' bo'limi Worta Aziya xali'qlari'ni'n', soni'n' ishinde qaraqalpaq xalqi'ni'n' da wo'z milliy ma'mleketin du'ziwdi ko'rkem so'z benen su'wretlep bayanlawg'a qarati'lg'an.

Juwmaqlap aytqanda A.Muwsaevti'n' qosi'qlari'nda XIX a'sirdin' aqi'ri' XX a'sirdin' birinshi shereginde qaraqalpaq xalki'ni'n' turmi'si', ju'z mi'n'lag'an jarli'

---

[1] Нурмуҳаммедов М. «Аяпберген Муўса улы», Нөкис, 1960, 17-бет.

diyxanlardi'n' ko'z-qaraslari', wolardi'n' azat ha'm baxi'tli' zamang'a umti'li'w tilekleri menen ha'reketleri ayqi'n ji'rlanadi'. Shayi'rdi'n' jeke stili xali'q massasi'ni'n' milliy-azatli'q gu'reslerinin' ta'sirinde qa'liplesti ha'm jetilisip bardi'.

Yeger stilde avtrdi'n' tek wo'zine ta'n qaytalanbaytug'i'n do'retiwshilik kelbeti ko'rinse, ko'rkem metodta basqa ko'plegen jazi'wshi'lardi'n' shi'g'armalari' arasi'ndag'i' uli'wmali'q belgiler bayqaladi'. Sonli'qtan klassli'q shi'g'i'si', du'nyag'a ko'z-qarasi', estetikali'q ideyali' bir-birine jaqi'n jazi'wshi'lar arasi'nda wortaq do'retiwshilik principler ju'zege keledi. Bul principler ko'rkem metodti'n' tiykari' boli'p, wo'zgermeli rawajlani'wshi' xarakterge iye. İskusstvo menen a'debiyati'mi'zdi'n' tiykarg'i' metodi'-socialistlik realizm.

«Realizm – bul ja'miyettin' rawajlani'w qag'i'ydalari'ni'n' tiykarg'i' zan'i'. Yaki bolmasa jan'a ja'miyet quri'wdi'n' tiykarg'i' bag'darlamasi'».[1] Jazi'wshi'lari'mi'zdi'n' ha'mmesinin' su'wretleytug'i'ni' haqi'yqatli'g'i' ha'r bir xali'qti'n' milliy wo'zgesheligi, psixikali'q pishini, tili, a'dep-da'stu'ri, jasag'an geografiyali'q jag'dayi'na baylani'sli' ha'r tu'rli forma beriledi. Soni'n' menen birge ha'r bir millet a'debiyati'nda bir-birine uqsamaytug'i'n jeke hawazg'a iye bolg'an jazi'wshi'lar bar. Wolardi'n' barli'g'i'n realizm metodi' biriktiredi de, ha'r qaysi'si'ni'n' jeke stili ayi'ri'li'p turadi'.

Qaraqalpaq xali'q shayi'ri' A.Muwsaevti'n' jeke stili 1917-ji'llarg'a shekem-aq qa'liplesti. Wol bul da'wirde tiykari'nan realizm metodi'na shi'g'armalar do'retti. Realizm – bul a'debiyat penen ko'rkem wo'nerdin' yen' tiykarg'i' metodi' boli'p, woni'n' negizi turmi's haqi'yqatli'g'i'n ani'q su'wretlew boli'p tabi'ladi'.

A.Muwsaev shi'g'armalari'ni'n' ko'rkemligi menen si'patli' woti'rg'an da'wirinde turmi'sti'n' ha'r qi'yli' tarawlari'nan juwap bere alatug'i'n obrazlar jasay bilgen. Woni'n' teren' mazmunli', joqari' ideyali', da'wirdin' talabi'na i'layi'q, ko'rkemligi ku'shli shi'g'armalar do'retiwdegi tiykarg'i' metod-realizm

[1] Мамбетов К. «Әдебият теориясы». Нөкис, 1995 ж., 215-бет.

metodi’ boli’p yesaplanadi’. Shayi’r bari’si’nan keleshekti duri’s an’lay baslawi’ arqasi’nda jetise alg’an. Shayi’r 1917-ji’llardan keyingi shi’g’armalari’n ralizm metodi’ tiykari’nda do’retken.

A.Muwsaevti’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’zine ta’n stili bar. Bul stil shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ teren’ mazmunli’, joqari’ ideyali’ boli’wi’nan da, so’z quri’li’si’, a’debiy tili, tematikasi’, syujet, kompoziciyasi’nan da ko’rinedi.

Demek, usi’ bag’darda ilimpaz Q.Bayniyazov A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stiline ken’nen toqtap, woni’n’ shi’g’armalari’na ilimiy jaqtan analiz jasaydi’. Biz bul miynette ilimpazdi’n’ shayi’rdi’n’ stiline ha’r ta’repleme analiz bergenligin ko’remiz.

İlimpaz shayi’r shi’g’armalari’na analiz jasap, si’rttan kirgen so’zlerdin’ yag’ni’y arab-parsi’, wori’s tilinen kirgen so’zlerdin’ shayi’r shi’g’armalari’nda qollani’lg’anli’g’i’n atap ko’rsetedi. Shayi’r wo’z shi’g’armalari’nda si’rttan kirgen so’zlerdi wori’nli’ paydalana alg’an. Ja’ne de shayi’r shi’g’armalari’nda ko’rkem tildin’ a’hmiyeti, ko’rkemlew qurallari’ni’n’ a’hmiyeti u’lken. Shayi’r poeziyani’n’ barli’q tu’rlerinde shi’g’arma do’rete bilgen. Wol epikali’q, didaktikali’q, ta’riyplew, yumor-satirali’q shi’g’armalar do’retip, poeziyani’n’ usi’ tu’rlerinde wol yen’ jaqsi’ ko’rkemlew qurallari’nan paydalang’an. Soni’n’ menen qatar bul monografiyadan biz A.Muwsaevti’n’ shayi’rli’q stilin anag’urli’m da’rejede bilip alami’z.

## JUWMAQ

Qaraqalpaq poeziyasi’n izertlewine ilimpaz S.Axmetov «A.Muwsaev - wo’z stiline iye shayi’r, soni’n’ menen birge jas shayi’rlarg’a ustaz si’pati’nda belgili. Birinshi qaraqalpaq jazi’wshi’, dramaturgi A’.Wo’tepov, A.Begimovlar wo’zlerin A.Muwsaevti’n’ sha’kirtleri dep yesaplaydi’»[1] - dep si’patlag’ani’nday shi’ni’nda da XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ tuwrali’, woni’n’ da’slep qa’liplese baslag’an ha’m tariyxi’y wo’siw, rawajlani’w jollari’ tuwrali’ so’z yetkende, belgili shayi’r A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligi ayri’qsha a’hmiyetke iye. Woni’n’ teren’ xali’qli’q, joqari’ ideyali’li’q penen xarakterlengen do’retpeleri qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ a’hmiyetli miyraslari’ni’n’ biri boli’p kiyati’r.

Sonli’qtan, biz bu’gingi ku’nimiz ko’zqarasi’nan shayi’r do’retpelerinin’ u’yreniliw, izertleniliw ma’selelerin bul pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda ha’r ta’repleme qarap shi’qti’q. Na’tiyjede, shayi’r do’retiwshiliginin’ izertleniwi boyi’nsha to’mendegishe juwmaqqa keldik.

Birinshiden, A.Muwsaev shi’g’armalari’n ji’ynaw ha’m basi’p shi’g’ari’w isi 30-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’nan baslap shi’ntlap qolg’a ali’ng’an. Usi’ da’wirden baslap gazeta jurnal ha’m toplamlarda woni’n’ shi’g’armalari’ ko’plep basi’li’p shi’g’adi’. Na’tiyjede, woni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ji’ynali’w, basi’p shi’g’ari’li’w ha’m do’retiwshiligi tuwrali’ pikirler ayti’la baslaydi’.

Yekinshiden, A.Muwsaev xali’q ma’deniyati’ni’n’ nusqalari’n bizge jetkergen belgili informator da bolg’an.[2]

U’shinshiden, A.Muwsaev do’retiwshiliginin’ a’hmiyetli ta’replerinin’ biri shi’g’armalari’ni’n’ ko’rkem forma jag’i’nan suli’wli’g’i’, woni’n’ tili jen’il, xali’qqa qoni’mli’, a’piwayi’ boli’p keledi. Geypara shi’g’armalari’nda arab-parsi’ so’zlerinin’ qosi’li’wi’ – woni’n’ qi’ssaxanli’q penen shug’i’llani’p, «G’a’rip ashi’q», «Yusup-Zuleyxa» h.t.b. qusag’an da’stanlarda woqi’g’anli’g’i’nan delinedi.

[1] Ахметов С.Қарақалпақ поэзиясы. Нөкис, 1988 ж, 23-бет.
[2] Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Ташкент – 1968 – Самарканда, 53-54-бетлер.

Soni’n’ menen birlikte A.Muwsaev do’retiwshiligin izertlewshilerdin’ geypara pikirlerinde shayi’rdi’n’ buri’ng’i’ tradiciyali’q oda formasi’n wori’nsi’z qollani’p jiberilgen dep «Qalmurat» qosi’g’i’nda sawdager, «Maqsi’mjan qi’z»da qi’zdi’n’ a’kesi maqsi’m, «Bir go’zzal»da da’stu’rxanli’ u’ydin’ qi’zi’ maqtani’li’p ayti’ladi’, - dep ko’rsetiledi. Ja’ne de «Tasqi’n», «Sho’lkem» qosi’qlari’nda turmi’stag’i’ bolg’an waqi’yani’ sol turi’si’nda juwmaqlawsi’z ko’shirip tu’siriwi si’ng’a ali’nadi’. Degen menen, bunday kemshilikler A.Muwsaev do’retiwshiliginde xali’qli’q yen’ aldi’n’g’i’ ideyalardi’ ji’rlawshi’ talant iyesi si’pati’nda a’hmiyetli.

Ha’r qanday talant iyesinin’ do’retiwshiligi, woni’n’ jeke adamgershilik qa’siyetleri qaytalanbaytug’i’n turmi’s ta’jiriybesi, du’nyag’a ko’z-qarasi’, ma’deniy bilim da’rejesi talanti’ni’n’ ku’shi menen baylani’sli’ bolatug’i’ni’ ta’biyiy. Usi’nday jeke belgiler woni’n’ shi’g’armalari’nda ayqi’n bayqaladi’ ha’m yekinshi bir avtordan ayi’ri’p turadi’.

Usi’ bag’dardan qarasti’rg’ani’mi’zda A.Muwsaev XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda yen’ da’slepki qa’lem terbetken ko’rkem so’z sheberlerinen ha’r ta’repleme aji’rali’p wo’zinshe wo’zgeshelikke iye yekenin ani’q sezemiz. Sonli’qtan, shayi’r do’retiwshiligi boyi’nsha qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde belgili a’debiyatshi’ N.Japaqov yen’ da’slepkilerden boli’p, monografiya jazdi’. Na’tiyjede, to’rtinshiden A.Muwsaev do’retiwshiligi qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde wo’z izertleniwin tapti’ dep ayta alami’z. Wog’an ilimpaz N.Japaqovti’n’[1], Q.Bayniyazovti’n’[2] izertlewleri toli’q da’liyli bola aladi’. N.Japaqov yen’ da’slepkilerden boli’p shayi’r do’retiwshiligin ken’ planda izertlep kandidatli’q dissertaciya qorg’adi’. Shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi boyi’nsha barli’q maqala ha’m pikirlerdi ji’ynaqlap wo’zinin’ jumi’si’nda bir sistemag’a saldi’. Sonday-aq, shayi’r poeziyasi’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik wo’zgeshelikleri boyi’nsha baqlawlar ju’rgizdi. Al, Q.Bayniyazovti’n’ miynetinde

[1] Жапақов Н. А.Муўсаевтың творчествосы. Нөкис, 1964 ж.
[2] Байниязов Қ. А.Муўсаевтың шайырлық стилиниң ўөзгешеликлери. Нөкис, 1972 ж.

ha’r bir talant iyesi ushi’n a’hmiyetli na’rse woni’n’ a’debiy wortali’g’i’ ma’selesi, sonli’qtan, ilimpaz shayi’rdi’n’ stilinin’ wo’zgesheligine toqtag’an. Uli’wma, yeki miynet te ko’lemli, bir-birin ta’kirarlamaydi’. Bularda shayi’r – A.Muwsaevti’n’ portreti, do’retpeleri toli’g’i’ menen izertlenilgenligin ko’remiz.

Akademik M.Nurmuhammedovti’n’ «Ayapbergen Muwsa uli’»[1] kitapshasi’nda da shayi’r do’retiwshiligine joqari’ baha berilgen, poeziyasi’ni’n’ ideyali’q, tematikali’q bag’dari’, ko’rkem su’wretlew qurallari’ ma’selesine ha’r ta’repleme di’qqat bo’lgenin qarap shi’qti’q Soni’n’ menen birlikte shayi’r do’retiwshiligi boyi’nsha bu’gingi ku’nimizde de pikirler bildirilip jan’asha bag’darda tu’sindiriliw dawam yetpekte. Ma’selen, M.Sultamuratovti’n’[2] maqalasi’nda shayi’r do’retiwshiliginin’ wo’zgesheligi, a’debiyati’mi’zdag’i’ worni’ haqqi’nda ayti’li’p, jan’a qosi’qlari’ni’n’ bar yekenligi haqqi’nda pikirler bildirilgenin ko’remiz.

Demek, shayi’r do’retiwshiligi bu’gingi ku’nimizde de worta mekteplerde, joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ qaraqalpaq a’debiyati’ sabaqli’qlari’nda woqi’ti’li’p ati’r. Wol boyi’nsha izertleniwler, jan’asha pikirler yele de dawam yetedi dep isenemiz.

---

[1] Нурмуҳаммедов М. «Аяпберген Муўса улы», Нөкис, 1981-жыл.

[2] Султамуратов М. А.Муўса улының жәрияланбаған қосықлары. «Еркин Қарақалпақстан», 20.09.2000 ж. №115

## PAYDALANILG’AN A’DEBİYATLAR


1. Каримов И.А. Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм кепилликлери. Нөкис, Қарақалпақстан 1998, 136-бет.

2. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. Нөкис – 1978.
3. Ахметов С. Қарақалпақ поэзиясы. Нөкис – 1988
4. Ахметов С., Есенов Ж. Қарақалпақстан Республикасының жазыўшылары, Билим – 1995.
5. Байниязов Қ. А.Муўсаевтың шайырлық стилиниң өзгешеликлери. Нөкис, 1972.
6. Есемуратов Г. И.Юсуповтың поэзиясы. Нөкис -1976.
7. Есенов Ж. Поэзия жулдызы. И.Юсупов ҳаққында. Нөкис, «Билим», 2003.
8. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (Ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем психологизм проблемасы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.
9. Жапақов Н. А. Муўсаевтың творчествосы. Нөкис, 1964 ж.

10. Жәримбетов Қ. Ашық – Зийўар. Нөкис – 1997.
11. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004.
12. Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. Нөкис – 1985.
13. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, Билим – 1995.
14. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, «Билим», 2003.
15. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис- 1993.
16. Нурмуҳаммедов М. «Аяпберген Муўса улы», Нөкис, 1981.
17. Нурмуҳаммедов М., Нарымбетов Ж. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Ташкент, Самарқанд – 1968.

18. Оразымбетов Қ. Ҳар Ақ Алп Ақ – қарақалпақ ҳар ақ алп ақ, Қарақалпақстан Жаслары газетасы – 2001ж.
19. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, Билим – 1992.
20. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.
21. Пахратдинов А., Алламбергенов К., Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы, Нөкис, 2012.
22. Султамуратов М. А.Муўса улының жәрияланбаған қосықлары. Еркин Қарақалпақстан. 20.09.2000 ж., №115.
23. Тўйчиев У. Лирика. Тур ва жанрлар. Уч жилдлик. 2 жилд. Тошкент, 1992.
24. Хализев В.Е. Теория литературы. Москва, «Высшая школа», 2000.
25. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис – 1988
26. Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. Нөкис – 1971.